ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№24 (24.774) • 2025 гъэм мазаем (февралым) и 25, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэм къызэритамкIэ

# Ноби я пщIэр лъагэщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Роднина Иринэрэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэм удз гъэгъахэр тралъхьащ ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхым.**

IУЭХУМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, щIыналъэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, къулыкъущIапIэ зэхуэмыдэхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, ветеранхэр, юнармейцхэр.

Къызэхуэсахэр 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэу дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ.

# Щытынухэщ сыт щыгъуи щапхъэу

**Хэку зауэшхуэм хэтахэм, тылым и лэжьакIуэхэм, нэмыцэ-фашистхэм я гъэрэщхэм исахэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр илъэс 80 зэрырикъуам папщIэ» фэеплъ медалхэр яритащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ХЭКУМ и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэща дауэдапщэр щекIуэкIащ Правительствэм и унэм хэт ХьэщIэщышхуэм. Ар къыщызэIуихым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ:

- Накъыгъэм и 9-р ди совет цIыхубэм и ехъулIэныгъэшхуэу, абы къызыкъуаха зэкъуэтыныгъэм и щапхъэу, я псэкупсэ къарум, фронтымрэ тылымрэ щызэрахьа лIыгъэм я щыхьэту дунейпсо тхыдэм къыхэнащ. Дэ ди фIэщу дрогушхуэ ТекIуэныгъэр къэзыхьа лIыхъужьхэм, сыту жыпIэмэ, дэ абыхэм дращIэблэщ икIи сыт щыгъуи дгъэлъапIэу тхъумэнущ бий мэхъаджэр зэтракъутэу, ди къэралым и хуитыныгъэмрэ щхьэхуагъымрэ къэзыхъумахэм я фэеплъыр. ТекIуэныгъэм и лIыхъужь нэхъыщхьэхэр, дауи, фэращ, ди ветеран лъапIэхэ. Ар гъунэгъу къэхъун папщIэ, фэ псэемыблэжу икIи фи къарум фыщымысхьу, нэхъ лъапIэ дыдэу вбгъэдэлъ псори абы лъэгущIыхь хуэфщIащ, абы къыхэкIыуи, фытекIуащ. Си щхьэр фхузогъэщхъ.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ нобэ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр Хэку зауэшхуэм хэтахэм яхуэфащэ щIэблэу къэплъытэ зэрыхъунур:

- Фэ дуней псом и фIэщ фщIащ Хэку фIылъагъуныгъэр бийм я нэхъ бзаджэми зэрытекIуэнур. А гурыщIэ куурщ нобэ зи щхьэр къэзыIэтыжа нацизмэм пэщIэту дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр зэкъуэзызыгъэувэр, ди Хэкум и хуитыныгъэмрэ пщэдейрей махуэмрэ зыхъумэхэр. Ар икIи и щыхьэтщ нобэрей щIэблэр Хэку зауэшхуэм щытекIуа я адэхэм, адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм яхуэфащэу къызэрыщIэкIам. Дэ дрогушхуэ абыхэм къагъэлъагъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Нобэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри лIыхъужьу къыдолъытэ. Абыхэм я цIэкIэ, Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъур и щхьэусыгъуэу, мы гъэр УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу щытыну къащтащ.

КIуэкIуэ Казбек и псалъэм къыщыхигъэщащ тылым и лэжьакIуэхэм ТекIуэныгъэр нэхъ псынщIэу къэсыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIар. Гулъытэншэу къигъэнакъым нэмыцэ-фашистхэм я хьэпсхэм гъэру исахэр гугъуехьышхуэм зэрыпхыкIари:

- Дэ зэи тщыгъупщэнукъым жэщи махуи увыIэгъуэ ямыIэу тылым щылэжьахэм я фIыщIэр. Абыхэм фронтым щыIэхэр зыхуэныкъуэ псори, ар ерыскъы е Iэмэпсымэ ирехъу, яIэрыхьэн папщIэ, гугъу зрагъэхьащ. Тылым и лэжьакIуэхэм я псэм и къарумрэ Хэку лъагъуныгъэм халъхьа я гуащIэмрэ дэ сыт щыгъуи щапхъэу диIэнущ. ФIыщIэ фхудощI, тылым и лэжьакIуэхэ, ТекIуэныгъэр гъунэгъу къызэрыфщIам папщIэ. Леишхуэ къатехьащ зи щIалэгъуэм, ныбжьыщIэгъуэм фашист зэрыпхъуакIуэхэм яIэрыхьэу, хьэзабрэ бэлыхьрэ зышэчахэм. Бийм гузэгъэгъуэ евмыту, фэ абыхэм фызыхагъэта гугъуехь псори фи псэм дэвгъахуэри, хуит фыщащIыжа сыхьэтым фыпэплъэфащ, иужькIэ совет цIыхубэм я гъусэу ТекIуэныгъэ Иным и IэфIыр цIыхубэм ядэвгуэшащ. Фи псэм и къарур ди дежкIэ цIыхугъэм и щапхъэщ.

Къэпсэлъэныгъэм и кIэухым КIуэкIуэ Казбек жиIащ:

- Фи щIэблэу дызэрыщытым и фIыгъэкIэ, ди дежкIэ Хэкум ухуэпэжыныр - гъащIэм нэхъ лъапIэ дыдэу щыдиIэ хъугъуэфIыгъуэу къыдолъытэ. Дэ сыт щыгъуи фэращ дызыдэплъеинур. Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу, махуэшхуэ къэблэгъамкIэ сынывохъуэхъу, узыншагъэ быдэ фиIэну, илъэс куэдкIэ фи нэхъыщIэхэм фащхьэщытыну, гуфIэгъуэ куэд флъагъуну.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм фэеплъ медалхэр зыхуагъэфэщахэм иратащ. УФ-м и Президентым 2024 гъэм фокIадэм и 2-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум папщIэ» фэеплъ медалхэр иратащ Хэку зауэшхуэм хэтахэу Абросимов Кузьма Кузьма и къуэм, Караганов Николай Василий и къуэм, нэмыцэ-фашист хьэпсхэм ныбжьыщIэу исахэу Баранюк Емилие Ефим и пхъум, Костюковэ Валентинэ Борис и пхъум, Недужэ Тамарэ Григорий и пхъум, Селиверстовэ Александрэ Пётр и пхъум, бийм къиувыхьа Ленинград дэса Иуан Валерэ Хьэсэн и къуэм, тылым и лэжьакIуэхэу ГъукIэ Лэуацэ Кашиф и пхъум, КIэнэтI Борис Азрэт и къуэм, КIэрэф Мухьэсбий Ахьмэдхъан и къуэм, Чэтбий Зул Мэд и къуэм, Кульбаев Хьэким Хьэсау и къуэм, Мэзыхьэ Мухьэб Шит и къуэм, Мэкъуауэ Нуралий Мухьэмэд и къуэм, МафIэдз Суданий Безрыкъуэ и къуэм, Мет Нухь Лэкъумэн и къуэм, Мисиров Абдурэхьмэн Исмэхьил и къуэм, Молэ СулътIан Мухьэмэд и къуэм, Мусуков Рэмэзан Иммет и къуэм, Ныр Хъусен Мухьэмэд и къуэм, Сокъур Лилие Къэралбий и пхъум, Табыхъу Уардэщыкъуэ Джырандыкъуэ и къуэм, ЛIуп Нурхьэлий Данил и къуэм, Тэхъу Марие Къарэмырзэ и пхъум, Эфендиев Батий Къасым и къуэм.

Фэеплъ медалхэр щрата дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м щыIэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий, Правительствэм хэтхэр, щIыпIэ самоуправленэхэм, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм, дзэм я лэжьакIуэхэр.

# Узыдэплъеипхъэ нэхъыжьхэр

**Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу Хочиев Михаилрэ Ламырдон Хьэсэнбийрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ икIи ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум папщIэ фэеплъ медалхэр яритащ.**

ШЭДЖЭМ районым хыхьэ Яныкъуей къуажэм дэс Хочиев Михаилрэ Тэрч районым хыхьэ Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм щыщ Ламырдон Хьэсэнбийрэ ящIэупщIащ республикэм и Iэтащхьэр икIи ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум ирихьэлIэу къыдагъэкIа фэеплъ медалыр тыгъэ яхуищIащ, Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ ехъуэхъуащ.

КIуэкIуэ Казбекрэ Хочиев Михаилрэ илъэситху ипэкIэ зэрыцIыхуауэ щытащ. Къуажэм пщIэшхуэ щиIэщ ветераным, и бынхэри абыхэм я быныжхэри къепщIэкIауэ мэпсэу. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъу гъэм Михаил Бэчмырзэ и къуэр илъэси 102-рэ хъуащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым ар хьэуа-десантыдзэм хэту Ищхъэрэ-Къухьэпӏэ, Курыт, Карельскэ фронтхэм щызэуащ, «Орловско-Курская дуга» зауэзэрылIым хэтащ. Иужьрейр Хэку зауэшхуэм и Iыхьэшхуэщ. Балъкъэр щIалэр абы бийхэм я танкхэм пэщIэт ротэм и унафэщIу щыIащ. Шыщхьэуlум и кум Орел деж Хочиевыр уIэгъэ щыхъури, хъужа нэужь, 1943 гъэм Карельскэ фронтым ягъэкIуащ, абы сапёр гупым я унафэщIу щызэуащ. Зауэм лIыгъэ къызэрыщигъэлъэгъуам папщIэ, Хочиевым къыхуагъэфэщащ ЩIыхьым и орденым и 3-нэ нагъыщэр, Хэку зауэм и орденым и 2-нэ нагъыщэр, «Германием зэрытекIуам папщIэ», «ГуащIэдэкIым и щIыхькIэ» медалхэр. ТекIуэныгъэм и махуэм и хъыбар Михаил Бэчмырзэ и къуэм Мэзкуу щызэхихауэ щытащ.

Хэку зауэшхуэм и ветеран Ламырдон Хьэсэнбий Дзыдзу и къуэр езыр къыщалъхуа Борыкъуей къуажэм щопсэу и унагъуэшхуэр, и бынхэр, и бынхэм я быныжхэмрэ абыхэм къащIэхъуэжахэмрэ я гъусэу. Хьэсэнбий сабий школакIуэу щытащ фронтыр 1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гъунэгъу къыщыхуэхъуам щыгъуэ. Илъэс 16-м ит ныбжьыщIэр 37-нэ армэм и 317-нэ дивизэм хатхауэ щытащ адрейхэм я гъусэу. Курп лъагапIэхэр бийм къыIэщIагъэкIыжын мурадкIэ ирагъэкIуэкIа зэпэщIэтыныгъэм щыщIидзам, ныбжьыщIэхэр красноармейцхэм ядэIэпыкъуу щытащ, Белоглинкэ къуажэм ирашурэ ди сэлэтхэм Iэщэ хуашэу. Ахэр Арыкъ IуащхьэхэмкIэ жэщым зэпрашырт. Курп лъагапIэ цIэрыIуэр Дзэ Плъыжьым и сэлэтхэм махуи 100-кIэ яIыгъауэ щытащ.

ИужькIэ Хьэсэнбий школыр къиухри, цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным и къаруушхуэ хилъхьащ, жэуаплыныгъэ зыпылъ IэнатIэм Iуту. Зауэ нэужьым щIалэгъуалэм ядэлэжьащ, зауэм и ветеран цIэр игъэпэжу. Нобэми Ламырдон Хьэсэнбий нэхъыщIэхэм и гукъэкIыжхэмкIэ ядогуашэ, Хэку зауэшхуэм и зэманым Дзэ Плъыжьым хэтахэм зэрахьа лIыгъэхэу езым и нэгу щIэкIахэм я хъыбар яхуеIуэтэж.

# ЩIыналъэхэр зэпызыщIэ лъэмыж

**Тэрч районым щыкIуам КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ гъуэгу ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыр - Тэрч псым метри 160-рэ зи кIыхьагъ лъэмэжыр телъхьэным и проектыр зэрагъэзащIэр.**

ЛЪЭМЫЖЫР 70 гъэхэм яухуауэ щытащ. Ар куэд щIауэ хуэныкъуэт иджырей жыпхъэхэмрэ мардэхэмрэ хуэкIуэу къэгъэщIэрэщIэжыным. А Iуэхум текIуэдэну мылъкур къыхахащ щIыналъэ гъуэгу фондым.

Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, лъэмыжыр зэрагъэпэщыжыным и мызакъуэу, псым и Iуфэхэри ягъэбыдэнущ. Лэжьыгъэхэр екIуэкIыху Тэрч псым тралъхьащ пIалъэкIэ къагъэсэбэпын зэпрыкIыпIэ.

Май - Урожайнэ автомобиль гъуэгум и Iыхьэу щыт лъэмыжым щIыналъитI зэрепх, апхуэдэу гъунэгъу Осетие Ищхъэрэ - Аланием упещIэ.

Лъэмыжыр мы гъэм и бжьыхьэм и кIэ хъуху хьэзыр ящIыну я мурадщ.

# Налшык псым и Iуфэм щаухуа уардэунэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Роднина Иринэрэ къызэIуахащ ди щIыналъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ «Налшык-арена» спорт мылъылъэ комплексыр. Iуэхур ирагъэхьэлIащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэм икIи хуагъэпсащ Урысейм и къэкIуэну шынагъуэншагъэмрэ абы и щхьэхуитыныгъэмрэ щIэбэну нобэ Iэщэ яIыгъыу дзэ Iуэху хэхам хэт лIыхъужьхэм.**

СЫТ и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэза мылылъэ аренэр республикэм иIэ хъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ. Комплексыр яухуащ «Демография» лъэпкъ проектым хыхьэ «Спортыр ди псэукIэм и мардэщ» къэрал проектым ипкъ иткIэ. ЩIыналъэ, урысейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэхэр щегъэкIуэкIыным спорткомплексыр сыткIи хуэщIащ. Абы и инагъыр метр зэбгъузэнатIэ мини 4 мэхъу. Япэ къатым хэтщ лъэрыжэкIэ къыщажыхьыну утыкушхуэр, етIуанэм - гъэсэныгъэхэр, зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкIыну пэшхэр. Мылылъэ уардэунэр Налшык псым и Iуфэм хиубыдэ щIыналъэм, псынщIэу зызыужь хьэблэм дэтщ, «ДыгъафIэ къалэмрэ» «Налшык» спорт комплексымрэ япэмыжыжьэу.

- Шэч къытесхьэркъым фигурнэу къэжыхьынымрэ хоккеймрэ жыджэру зэрызаужьынум. Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы япэу къыщызэIуаха лъэрыжэ къэжыхьыпIэм и фIыгъэкIэ а спорт лIэужьыгъуэхэр фIыуэ зылъагъухэм, абыкIэ спортсмен цIэрыIуэ хъунухэм я бжыгъэм къыхэхъуэнущ, мыпхуэдэ спорткомлексхэм зегъэужьынымкIэ ар щIэдзапIэ хъарзынэщ. АдэкIи ухуэныгъэхэр зэредгъэкIуэкIыным яужь дитынущ.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъу, ди Президеным Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу игъэува гъэм мыпхуэдэ махуэшхуэр зэрырихьэлIам мыхьэнэшхуэ иIэщ. Урысейм и армэм дзэ Iуэху хэхам къахуигъэув къалэнхэр егъэзащIэ, ди зауэлIхэм Iэщэ яIыгъыу Хэкур, ди сабийхэм я къэкIуэнур яхъумэ, абыхэм лIыхъужьыгъэшхуэхэр къагъэлъагъуэ икIи шэч лъэпкъи щыIэкъым ТекIуэныгъэр къызэрытхьынумкIэ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Олимп джэгухэм фигурнэу лъэрыжэкIэ къэжыхьынымкIэ щэнейрэ бжыпэр щызыубыда, Европэмрэ дуней псомрэ я чемпионатхэм щытекIуа Роднина Иринэ жиIащ комплексыщIэм спортсмен куэд зэхуишэсыну зэрыгугъэр икIи абыхэм ехъулIэныгъэхэр яIэну ехъуэхъуащ.

А махуэм Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Страврополь крайм я гупхэр хэту хоккеймкIэ япэ зэныбжьэгъугъэ турнир екIуэкIащ. Апхуэдэу я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ Владикавказ дэт, щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ и школым и гъэсэнхэми.

КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ яхуищIащ махуэшхуэм къеблэгъа хьэщIэхэм икIи къыхигъэщащ уардэунэм зэIущIэ куэд щекIуэкIыну зэрыгугъэр, а унэтIыныгъэщIэр спортым дихьэххэм, гъащIэ узыншэ ехьэкIыным и телъхьэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэнымкIэ щхьэпэ зэрыхъунур. Апхуэдэу щIыналъэм и Iэтащхьэм фIыщIэ яхуищIащ унэ екIур зыухуахэмрэ ар зыхуей хуэзэу къызэзыгъэпэща IэщIагъэлIхэмрэ. Тренерхэм, спортсменхэм, щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэр фIыуэ зылъагъухэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэшхуэхэр, текIуэныгъэхэр яIэну.

# Хэкум и хъумакIуэм и илъэсыр къызэIуах

**Курп лъагапIэхэр хъумэныр, Бахъсэн папщIэ екIуэкIа зэхэуэр, Iуащхьэмахуэ хуит къэщIыжыныр, Налшык бийр дэхужыныр - апхуэдэ къалэн мытыншхэр зи пщэ къыдэхуа, зауэм и япэ махуэхэм республикэм щызэщIагъэуIуа 115-нэ шуудзэ цIэрыIуэм хэта, лIыгъэрэ хахуагъэрэ а илъэсхэм зыгъэлэгъуа ди лъахэгъухэм я фэеплъыр уахътыншэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху мин 63-рэ хэтащ Хэку зауэшхуэм. Зауэм къыщагъэлъэгъуа щIыхьым пэкIуэу, 26-м «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ. 10-р ЩIыхьым и орденым и кавалерщ, мини 10-м щIигъум орденхэмрэ медалхэмрэ кърататащ. Ди зэманми щIэблэм Хэкур пщIэрэ щIыхьрэ яIэу яхъумэ, ди япэ итахэм я лIыхъужьыгъэр я щапхъэу.**

МЫ гъэм а Iуэхугъуэхэри лIыгъэ зезыхьа ди адэжьхэри куэдрэ дигу къэдгъэкIыжынущ, УФ-м и Президентым и УнафэкIэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэригъэувам тету. Ар Iэтауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ мазаем и 22-м. Республикэм и Музыкэ театрым щагъэлъэгъуа концертышхуэр траухуат ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум. Ар къэзыхьахэм, абы щIэбэнахэм, къэзымыгъэзэжахэм я гъуэгуанэр уэрэдхэмрэ уэсэхэмкIэ, теплъэгъуэхэмкIэ цIыхухэр пхрагъэплъащ.

Пшыхьым кърагъэблэгъат КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лIыкIуэхэр, къэрал, дин, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, СВО-м хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ, республикэм и щIалэгъуалэр. Ахэр театрым и пэIущIэ пэшым деж къыщрагъэблэгъащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ и колледжым хэт кадет классым и духовой оркестрым зауэм теухуауэ игъэзащIэ маршхэмкIэ. Концертыр щекIуэкIыну пэшым и утыкум лъагэу тетт «Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ» Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр совет цIыхубэм къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъумрэ я дамыгъэхэр.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

# Хэкум и хъумакIуэм и илъэсыр къызэIуах

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Iуэхур дахэу ирагъэкIуэкIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сердюков Станислав, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Аттаев Азнор сымэ. «Мы илъэсыр ЛIыгъэм, хахуагъэм, ди Хэкум и тхыдэ напэкIуэцI нэхъыщхьэхэм теухуащ. Дынывохъуэхъу Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ! ФIыщIэ щхьэхуэ яхудощI дзэ Iуэху хэхам иджыпсту хэтхэм, Хэкур зэман зэхуэмыдэхэм зыхъумахэм. Узыншагъэ быдэ фиIэну ди гуапэщ», - жаIащ абыхэм.

Концертыр къызэIуихащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Абэнокъуэ Рустам, «Путь к успеху» кадет хорым, ныбжьыщIэ армэм, КъБР-м и Музыкэ театрым и хорым, «Арабеск» къэфакIуэ гупым хэтхэр и гъусэу. Хэкум, зауэлIым ятеухуа уэрэдхэр ягъэзэщIащ Мэзыхьэ Анастасие, Теувэжыкъуэ Софие сымэ.

«Офицеры» кинофильмым хэт «От героев былых времён» уэрэдымкIэ къызэхуэсахэм яхуэупсащ ПащIэ Алим. Ар щигъэзащIэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуахэм я сурэтхэр экраным къытридзэу къагъэлъэгъуащ, пэшым щIэсхэр асыхьэту псори къэтэджри уэрэдыр иухыху щыту едэIуащ.

КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Жабоевэ Замирэ «Кукушка» уэрэдыр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ЦокIыл Азэмэт - «За правду, Россию - вперёд» уэрэдыр, КъБР-м и цIыхубэ артист Текуев Амырбий - «Наша армия» уэрэдыр ягъэзэщIащ.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Бэч Азэмэт «Хъыбарыншэу кIуэдам и хъыбарыр» адыгэбзэкIэ жиIащ, балъкъэрыбзэкIэ - КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Жаникаев Эльдар. КъафэкIэ «зауэ» теплъэгъуэр ягъэлъэгъуащ «Кабардинка», «Балкария» ансамблхэм хэт щIалэхэм. Пшыхьыр ягъэдэхащ «Тэрч къэзакъхэр», «Шагъдий», «Арабеск», «Нирвана», «Вдохновение», «Амир» гупхэм.

Хэкум и хъумакIуэхэм дохъуэхъу, узыншагъэ быдэ яIэну, я гукъыдэжыр мыкIуэщIыну!

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтхэр Къарей Элинэ трихащ.*

# Медалым уигу къегъэкIыж

**«Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэд щIауэ къыхуэтхэ, дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыф нэхъыжьыфIхэм ящыщ зыщ Псыгуэнсу къуажэм щыщ, лэжьыгъэм и ветеран Iумахуэ Гумэ БетIал. Абы и къалэмыр яхуэгъэзащ зыпэрыт Iуэхум щыпашэ цIыху къызэрыгуэкIхэм, и гъащIэ гъуэгуанэм зыщрихьэлIа IэщIагъэлI телъыджэхэм, лIыгъэ зезыхьа хэкулIхэм, нэгъуэщIхэми. Нобэ тхыгъэ гуузкIэ зыкъытхуегъэзаз БетIал. Абы редакцэм къыхуитхащ Хэку зауэшхуэм теухуа и гукъэкIыжхэр зи лъабжьэ IэдакъэщIэкIи, ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.**

СЫТ ХУЭДИЗУ зауэ мыгъуэжьым дыхигуами, ныбжьыщIэхэри псэемыблэжу фронтым дыхуэлэжьащ. КъэнакIуэм дэ зауэм щыгъуэ гугъу дызремыхьа, дызэрыщIалэм папщIи тхудачыхаIакъым – зэманыр апхуэдэт, хъунутэкъым. Фронтыр зыхуэныкъуэ хадэхэкIхэр, шхыныгъуэхэр хуэдгъэхьэзыррэ хуедгъашэу элеваторым бригадэ гупышхуэу дыщылажьэрт. Фронтым ебгъашэ мыхъуну, сэкъат зыгъуэта ерыскъыхэрат дагъэшхыр. Элеваторым сыкърашыжри Налшык школым сагъэкIуат сыщылэжьэну. Къалэм сыкIуэн ипэкIэ махуитIкIэ унэм сыдэсыжати, концлагерым исам сыкъыкIэрыхуртэкъым, апхуэдизкIэ гъэблэгу сщтати.

Зэи сщымыгъупщэжыр балъкъэрхэр я лъахэм щраша гъатхэпэ мазэрщ. Машинэ зэкIэлъхьэужьхэм ящыщ зым сыдэлъейри сежьащ. Сэ сщIэрэт ар здэкIуэр?! Аруан дыдэжу дэдгъэзея нэужь, кабинэм сытеуIуэри машинэр къэувыIащ. Шэрэдж сызэпрыкIыжым ди къуажэр гъунэгъут. Си гугъащ къызэшхыдэну, тезыр гуэри къыстрилъхьэну, арщхьэкIэ шофёрыр пIащIэрти, щIэпхъуэжащ. СыхьэтитI нэхъ дэмыкIыу балъкъэрхэр ирашэжьащ а машинэхэмкIэ.

Зауэ мыгъуэжьым ди щIалэгъуэр къытIуригъэупщIыIуат. 1942 гъэм лэжьэн щIэздзащ. А илъэсым сыздагъэкIуар нэхъ IэнатIэ псэзэпылъхьэпIэдыдэхэм ящыщт - Старэ Шэрэдж и деж щыIэ лъэмыжыр псы къиуам тредмыгъэхыу дыпэщIэтыныр. Абдеж зауэ зэрыщемыкIуэкIым емылъытауэ, ди IэнатIэр фронтым хуэдэт, псыхъуэм удэплъамэ псыдзэ фIэкIа плъагъуртэкъым, псыежэххэр къыдэуэхыу псыхъуэм щызэхэлъэдэжауэ уи гугъэнт. А гъэм егъэлеяуэ хуабэ хъури къуршым уэсышхуэ щыткIуат, уэлбанэр абы хыхьэжауэ Шэрэдж щыблэрэ благъуэу гъуахъуэрт, лъэмыжыр трихынуи ныкъуакъуэрт. А къэхъугъэм пэдгъэувын техникэрэ щIэныгъэрэ зимыIэ, цIыху мин хъу лэжьакIуэ гупышхуэр белрэ джыдэрэ фIэкIа дымыIыгъыу дыпэщIэтт. Лъэмыжыр псым трихмэ, пхуэмыгъэзэкIуэжын хэщIыныгъэ фронтми къэралми ягъуэтынут. ЛъэмыжымкIэ ирашу Дохъушыкъуей элеваторымрэ станцымрэ фронтым ирагъашэр зэпыбгъэу хъунутэкъым. Къэбгъэхъу хъунутэкъым псым кърихьэх жыгышхуэхэм лъэмыж лъакъуэр щIаудынри, псыIущIэр лъэныкъуэкIэ ежэкIыу гъуэгур зэприлъэсыкIынри.

Зауэм и бынхэр дыIутащ апхуэдэ IэнатIэ гугъу, лъэмыжыр тхъумащ гъэмахуэкIэ хъууэ псыр жэщIыжыху. МазитхукIэ тхъумащ Аруан лъэмыжри. ИтIанэщ, шынагъуэ щыщымыIэжырщ, дыкъыщагъэкIуэжар. Абы къыпэкIуащ япэ медалыр, «За доблестный труд в годы войны»-р.

Зауэм и кум, 1943 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м ди къуажэм къыдэхъуауэ щыта гуауэшхуэр зэи сщыгъупщэжынукъым. ДамэкIэ пхъэ къэзыхь ныбжьыщIэ гупыр кхъэм бгъурыт Iуащхьэ цIыкIум и деж къыщыувыIат. Дыгъэм пэлыду Iуащхьэм телът фашистхэм къагъэна ажалышэ самэ: лагъымхэр, топышэхэр, гранатэхэр. Тхьэм ещIэ абыхэм дэтхэнэрами, зы топышэ къауэри адрейхэри къигъэуэжащ. НыбжьыщIэхэу Безыр Барэсбий, Бозий Хьэцуц, ЩхьэгъэпсэуБетIал сымэ я гъащIэр ихьащ абы, ахэр дэ нэхърэ илъэситI-щыкIэ нэхъыщIэт, адэншэхэт. Бжьыхь лъабжьэм и псэм пыт къудейуэ кIэщIэлът Къущхьэ Мацэри, сымаджэщым куэдрэ щIэлъауэ, и щIэлъэныкъуэр къыдэмыбзу къыщIэкIыжауэ щытащ. НыбжьыщIэхэм я Iэпкълъэпкъыр ажалышэхэм апхуэдизу гуузу зэпкъраудати, хэт дэтхэнэрами къыпхуэщIэжыртэкъым. Зи ныбжьыр хэкIуэта Темыркъан Хьэбашэт сабийхэр зэхуэзыхьэсыжар.

Махуэ 11 дэкIауэ жыг къудамэ зэхуакум дэлъу къагъуэтыжат топышэ къутахуэ, Iэпхъуамбэ и гъусэу. Ар дэтхэнэм ейми дауэ къэпщIэнт? Къэзыгъуэта Абубэ ар щыщIитIауэ щытащ и къуэш БетIал и сыным и деж.

Зауэм и кум, 1943 гъэм и гъэмахуэкIэм, мазиблкIэ Баку госпиталым щIэлъауэ къыщIатхыкIыжат, никъуэдыкъуагъэкIи зауэм къыхагъэкIыжат си къуэшыр. Абы ищIэрт ди лъахэр зауэм тхьэмыщкIэ зэрищIари, псори зэрызэпэубыдари. Баку къыщришажьэри къыщыкIуэжым къыздишат зы шыгъу къэп. КъыхуэгуфIэну лъагъунлъагъу къыхуэкIуэхэм дэтхэнэми шыгъу крушкIэ зырыз яритащ. Уеблэмэ абы щыщ лъысат ди гъунэгъум хьэщIапIэ щыIэ журт фызыжьми.

Зауэр щыувыIэнур къахуэмыгъэсу псори пэплъэрт. Сэри срихьэлIат зауэр щыувыIам, си къуэшым и деж хьэщIапIэ сыкIуауэ. Ар Советскэ району абы щыгъуэм щытам, иджы Шэрэдж щIыналъэм и комсомол райкомым и япэ секретарт. КъулыкъущIэхэр партым и райкомым и секретарым и кабинетым жэщкIэ щыплъырт. Си къуэшым плъырыгъуэр къыщылъыса жэщым Налшык телефонкIэ къипсэлъыкIам къыжриIащ зауэр зэрыувыIари, пщэдей гуфIэгъуэ митинг районым щегъэкIуэкIын зэрыхуейри. Телефон псалъэмакъыр фронтым щекIуэкI приказ ткIийм хуэдэт, арщхьэкIэ ар тхьэмыщкIэ хъуа щIыналъэм гъэзэщIэгъуей щыхъунут, къуажэхэр зэпызыщIэ Iэмал зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ. Абы нэхъей фронтым къикIуэсыкIыжахэмрэ дыгъужьхэмрэ гъуэгум щытепщэти, зекIуэгъуейт.

Си къуэшымрэ сэрэ жэщым дыкIуат парт унафэщIым и унэм, дгъэгуфIэну. СекретаритIыр зэгурыIуащ Iуэхур зэфIэгъэкIыныр колхоз унафэщIым пщэрылъ щащIыну. Абы и деж дыкIуэну гъуэгу дытеуващи, си гъусэхэм сакъыкIэрохуу, шыпсыранэмрэ банэжьхэмрэ салъахъэ, сакIэщIохьэж. Председателым колхозым шыгу зыщIэщIауэ иIэр къуажэхэм игъэкIуащ, митингым хэтынухэр нэхущым къызэхуэсащ.

Зауэм къыдита хэщIыныгъэхэр зыгъэкIуэдыж етIуанэ фронтым дыIууващ. Дэри нэхъ балигъ, нэхъ гуащIафIэ дыхъуати, тлъэкI къэдгъанэртэкъым. Сэ зэкIэлъыкIуэу медалих къызатащ япэрей «За доблестный труд в годы войны»-м иужькIэ. Классибгъу щIэныгъэ фIэкIа симыIэу школым сагъакIуэри, сылажьэурэ педучилищэр къэзухыжащ, дзэ къулыкъури къыпысщащ, университетри къэзухри зы школым илъэс 41-кIэ сыщылэжьауэ пенсэм сыкIуащ.

КъызэднэкIа гъуэгуанэ кIыхьым сыхуоплъэкIыжри, къызолъагъуж дэ сабиигъуи щIалэгъуи дызэримыIар, псэущхьэхэм хуэдэу дызэрыпсэуар, ауэ жьыщхьэ махуэ дызэрыхъужар, дызэрытыншыжар. А псори дигу къегъэкIыж зауэм и бынхэм къыдата медалым. Медалым дыщыгуфIыкIа щхьэкIэ ди гур щIэузи хэлъщ, Iуэхушхуэ ялэжьауэ ди гъуса мыпсэужхэр дигу къигъэкIыжу. Абыхэм я Iыхьэ хэлъу, я теплъэр къытещу къытщохъу къыдата медалым. Си фIэщ мэхъу, сыпсэуэ срихьэлIэмэ, ебгъуанэ медалри къызэрызатынур.

Дамыгъэхэр фэеплъ мыкIуэдыжынщи, куэд гум къагъэкIыж. Си жагъуэ хъур япэ илъэситхур сызэрылэжьа пIалъэм зэрыхамыбжарщ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**

# ЖыIэдаIуагъымрэ жауэплъыныгъэмрэ я гъуазэу

**Налшык щIыпIэ администрацэм Физкультурэмрэ спортымкIэ и управленэм и нэIэ щIэт «Налшык СШ» еджапIэм и хьэщIэщым мазаем и 20-м щекIуэкIащ «Физкультурэмрэ спортымрэ псэкупсэ гъэсэныгъэм щаIэ мыхьэнэмрэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къэмыгъэхъуным хуэгъэпса лэжьыгъэмрэ» зыфIаща Iэнэ хъурей.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМИ ар зыгъасэхэм я дежкIи щхьэпэ хъуа мы зэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и МуслъымэнхэмяIуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ, Iэбу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и егъэджакIуэ нэхъыжь Сыжажэ Алимрэ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа управленэм щылажьэ тренерхэмрэ. Зэхуэсым кърихьэлIащ спортым пщIэшхуэ щызиIэ и ветеранхэри, дэтхэнэ зыри псалъэмакъым жыджэру хэтащ.

ЗэIущIэм щыщIидзэм, къызэхуэсахэм захуигъэзащ «Налшык СШ» еджапIэм и унафэщI, КъБР-м регбимкIэ и федерацэм и президент Сурженкэ Руслан. Псалъэмакъыр уэршэр хуэдэу ирагъажьэри, щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм нэхъ зыхуэсакъыпхъэу къыхэхуэхэм тепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр.

Сыжажэ Алим къыхигъэщащ спортым дихьэха ныбжьыщIэхэм зэрахьэ динми езыхэр къызыхэкIа лъэпкъми емылъытауэ, дэтхэнэ зыри мамырыгъэм, зэгурыIуэм, жыIэдаIуагъым, жэуаплыныгъэм хуегъэсэн зэрыхуейр. Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм сыт хуэдэ зэмани спорт школхэм гъэсэныгъэ IуэхукIэ защIигъэкъуэну зэрыхьэзырри жиIащ.

Зэхуэсым и кIэухым Сыжажэ Алим «стIол хъурейм» кърихьэлIахэм Рэмэдан мазэ лъапIэ къэблэгъамкIэ ехъуэхъуащ, дэтхэнэ зы гъэсакIуэми и нэIэ щIэт сабийхэр фIым, гуапагъэм, щэныфIагъым хущIэкъуу къигъэтэджыным къыхуриджащ.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**



# Унагъуэхэм ядоIэпыкъу

***Хэку зауэшхуэр щекIуэкIым «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (иджырей «Адыгэ псалъэ») газетым къытехуа тхыгъэхэм пыдощэ. Абы тетащ, ди республикэм и цIыхухэм фронтым Iут ди зауэлIхэм зэрызыщIагъэкъуам, Дзэ Плъыжьыр зэрыдаIыгъам ехьэлIа тхыгъэхэр. Гулъытэншэ ящIакъым дзэм хэтхэм я унагъуэхэри. Нэхъ хуэмыщIахэр япэ ирагъэщу зыщIагъакъуэрт сыт и лъэныкъуэкIи. Аращ зытеухуар нобэ фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэхэр.***

* * *

Армэм къулыкъу щызыщIэхэм я бынунагъуэхэм иридэIэпыкъун папщIэкIэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм ахъшэу сом 5000, нартыхуу центнери 4 зэхуихьэсащ. Абыхэм щыщкIэ армэм къулыкъу щызыщIэхэу т.т. Кодзов Ахьмэд, Беков Мусэбий, Хажнагоев М. сымэ я унагъуэхэм дэIэпыкъуахэщ. Иджыри къуажэ советым и депутатхэм зыхуахьэсхэр ахъшэ, нэгъуэщI къинэмыщIхэри зауэм къулыкъу щызыщIэхэм я бынунагъуэхэм иридэIэпыкъун папщIэкIэ.

***1943 гъэ, майм и 16***

* * *

Лескенскэ районым, Ст. Урыху къуажэм щыщу унагъуэ 238-м я къуэхэу, я лIхэу зыбжанэ фронтым щыIэхэщ, езыхэм я щхьэхуитыныгъэр, я насыпыр яхъумэжыным папщIэкIэ фашист оккупантхэм езауэу.

А унагъуэ 238-м щыщу нэхъ хуэкъулайсызхэу унагъуэ 68-м колхозым и правленэр дэIэпыкъуащ. Мы гъэм и кIуэцIкIэ нартыху центнер 1.353-рэ килограмми 10-рэ яритащ, я унэхэр ремонт ящIащ, унэ зимыIэхэм хуащIащ, унэ хадэхэр къырагъэхухьащ икIи ирагъэващ. Псалъэм папщIэкIэ, зи къуэ Краснэ Армэм щыIэ Бетуев Пщымахуэ пэши 2 хъууэ унэ хурагъэщIащ. Зи къуэ Краснэ Армэм щыIэ Бижоев ТIутI и унэр ремонт хуащIыжащ. Зи къуи 3-р фронтым щыIэ Тлакодугов Кургъуокъуэ нартыху центнер 12 иратащ. Зи лIыр фронтым щыIэ Нотова Лъостэхъан нартыху центнер 13 иратащ.

А районым щыщу Ст. Лескен къуажэм Карл Маркс и цIэкIэ щызэхэт колхозым и правленэми лэжьыгъэфI ирегъэкIуэкIыр фронтым щыIэхэм я бынунэхэм дэIэпыкъунымкIэ. Я лIхэр, я къуэхэр фронтым щыIэхэу унагъуэ 112-м я хадэхэр къырагъэхухьащ икIи ирагъэвахэщ. Абы щыщу унагъуэ 50-м нартыху центнер зэрыз иратащ. Нэхъ хуэкъулайсызу унагъуэ 15-м бжэн зырыз къашыну пIалъэкIэ иратащ. Унэ зимыIэхэм унэ хурагъэщIащ. Псалъэм папщIэкIэ, зи къуэр фронтым щыIэ Азаматова Уэс пэши 2 хъууэ унэ хурагъэщIащ. Отечественнэ зауэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьа – Аталиков ТIалэ пэши 2 хъууэ унэ хуащIащ икIи и щIапIэр бжыхькIэ хуагъэбыдащ.

***1943 гъэ, июным и 10***

* * *

Государственнэ обеспечениемкIэ Терскэ районым щыIэ отделым фронтым щыIэхэм я бынунэхэм дэIэпыкъунымкIэ лэжьыгъэфI зыбжанэ ирегъэкIуэкI. Абыхэм хуэдэ унагъуэхэм пособие зырамыт къахэмыкIыным папщIэкIэ районыр къуажэкIэрэ зэпаудауэ мэлажьэр. Къуажэхэр а отделым и инспекторхэу Хамбазарова Аслъыжанрэ Герандокова ФатIимэтрэ егъэбыдылIащ, ахэр я лэжьыгъэм йогугъухэр. Къуажэхэм кIуэурэ фронтым щыIэхэм я бынунагъуэхэр къапщытэхэр, нэхъ хуэкъулайсызхэр, бынунагъуэшхуэхэр, нэгъуэщI хэкум къикIыу къэIэпхъуахэр, отечественнэ зауэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэр къахутэри пособием нэмыщIкIэ абыхэм доIэпыкъу ахъшэкIэ, шхынкIэ, щыгъынкIэ икIи, нэгъуэщIхэмкIэ. Псалъэм папщIэкIэ, Терек поселкэм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 80-м нэса Дугужева К. сом 400, сабии 3 зиIэ, нэгъуэщI Хэку къикIыу къэIэпхъуа Пташниковэм - сом 800, лубзаводым щыпсэу Кучма – сом 200, Дей къуажэм щыпсэу Урусова Бодиян – сом 200, Плановскэ къуажэм щыпсэу, сабии 4 зиIэ Болова Г. сом 500, нартыху килограмм 50 иратахэщ

Государствэм къиутIыпщ пособием нэмыщIкIэ, фронтым щыIэхэм я бынунагъуэхэм, нэмыцэхэр ди хэку щита зэманым къулайсыз ящIа унагъуэхэм ахъшэ сом 8280-рэ иратащ.

Колхоз куэдхэм фронтым щыIэхэм я бынунагъуэхэм дэIэпыкъуныгъэхэр фIыуэ къыщызэгъэпэщащ. Къапщтэу щытмэ, «Краснэ Восток» колхозым иужьрей мази 4-5-м и кIуэцIкIэ унагъуэ 84-м нартыху центнер 413-рэ килограмм 50-рэ иратащ, унагъуэ 18-м унэ хурагъэщIащ е я унэхэр ремонт ирагъэщIыжащ.

***1943 гъэ, июлым и 3***

* * *

Бахъсэн районым, Зеикъуэ къуажэм и партийнэ, советскэ, общественнэ организацэ псори фIыуэ холэжьыхь зауэм щыIэхэм я бынунэхэм дэIэпыкъунымкIэ декадникитI егъэкIуэкIым. Зауэм щыIэхэм я бынунэхэр щIымахуэм хуэгъэхьэзырын щхьэкIэ махуэ 20 лэжьыгъэ егъэкIуэкIынымкIэ Аушыджэр колхозникхэм ирагъэжьа Iуэхур Зеикъуэ къуажэм Кировым и цIэкIэ щызэхэт колхозым и колхозхэтхэм арэзыуэ къыздащтащ.

Колхоз правленэр (председателыр тов. Хавцуков) Хуабжьу доIэпыкъу зауэм щыIэхэм я бынунэхэм. Зауэм щыIэхэм я бынунэхэу 40-м танэ зэрыз иратащ, унагъуиблым жэм зэрыз мыгъэрегъэкIэ къашыну иратащ, абыхэм нэмыщIкIэ, зауэм щыIэхэмрэ армэм къулыкъу щызыщIэхэмрэ я бынунэхэм нартыху хьэжыгъэ пути 120-рэ иратащ.

Зауэм щыIэ Джэбэн Тонащ и бынунэм жэм шын, нартыху хьэжыгъэ иратащ. ЕгъэджакIуэ Шидова Папужан (и адэри и дэлъхури зауэм щыIэщ) жэм шын иратащ.

Нэмыцэ-фашистхэм ди хэкур яубыдауэ щыщыта зэманым щыгъуэ зи унэр зэхакъута, зауэм щыIэхэм ящыщу зыбжанэм унэщIэ хурагъэщIыжащ, куэдым я унэхэр зэрагъэпэщыжащ. Псалъэм щхьэкIэ, зи къуитIыр зауэм щыIэ колхозник Шугушев Мысост унэщIэ хурагъэщIащ.

Иджыпсту къуажэр йолэжь зауэм щыIэхэм я бынунэхэр щIымахуэм хуэгъэхьэзыра хъуныгъэм: махуэ къэскIэ пхъэ къыхуашэ, нобэ къэскIэ пхъэгъэсыну кубометр 80-м нэс къашащ, ар зауэм щыIэхэм я бынунэхэм иратащ. Абыхэм пхъэгъэсын хуагъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэр зэпымыууэ йокIуэкI. Колхоз пхъащIэхэр иджыри йолэжь зауэм щыIэхэм я бынунэхэр зыщIэсыну унэхэр щIымахуэм хузэгъэпэщыным.

***1943 гъэ, сентябрым и 1***

Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр
Москва къалэм и па...
гуащIэрыпсэухэм я депут...
«ОборонэмкIэ Государ...
И. В. СТАЛИН...

* * *

Баксанскэ районым, Къызбрун Ещанэ къуажэм щызэхэт «Красный Октябрь» колхозым и колхозникхэмрэ колхозницэхэмрэ гуфIэгъуэшхуэкIэ IущIахэщ зауэм щыIэхэм я бынунагъуэхэм дэIэпыкъунымкIэ Нальчикскэ районым щыщу Аушыджэр къуажэм щызэхэт «Аушыджэр» колхозым и колхозхэтхэм я обращенэм.

Обращенэм колхоз зэIущIэм щытепсэлъыхьащ икIи колхозхэт псори зэдэарэзыуэ унафэ ящIащ колхозник къэскIэ хуэзэу трудодени 3 хахыу зауэм щыIэхэм я бынунэхэм яридэIэпыкъунхэу. Абы хуэдэ къабзэу жэм зимыIэхэм пIалъэкIэ къашыну жэм иратыну, пхъэгъэсын къыхурагъэшэну, абыхэм я жэмхэм ирагъэшхыну мэкъумылэ фонд хухахыу я унэм къыхуашэжыну, икIи зи щIапIэ къэмыхухьахэм я щIыпIэхэр къырагъэхухьыну, абы хуэдэ унафэр ящIащ икIи а унафэр мы колхозым щIыхь пылъу гъэзэщIэным щIидзащ.

Абы хуэдэ къабзэу зауэм щыIэхэм папщIэкIэ щыгъын хуабэ зэхуэхьэсыным колхозыр йолэжь. Псалъэм папщIэкIэ мы колхозым и бригадэ е 8-нэм нобэр къыздэсым Iэлъэ, лъэпэд хуабэу парэ 20 щIигъу зэхуихьэсащ. Щыгъын хуабэр зэхуэхьэсыным йолэжь зи ныбжьыр хэкIуэта товарищхэу Нагоев Данилрэ Шогенов ТIалэрэ.

Щыгъын хуабэ зэхуэхьэсынымкIэ щапхъэфI къигъэлъэгъуащ мы къуажэм и комсомольскэ организацэм (секретарыр товарищ Абидоков Хьэлымщ). Абы къитащ комсомолхэм, щIалэгъуалэхэм къахэкIауэ ахъшэ Iэрылъхьэу 1500-рэ.

***1943 гъэ, сентябрым и 2***

* * *

Нальчикскэ районым, Шэджэм е II-нэ къуажэм Микоян и цIэкIэ щызэхэт колхозыр Аушыджэрхэм я обращенэм и щIыхькIэ зауэм къулыкъу щызыщIэхэм я бынунэхэм ядоIэпыкъухэр.

Микоян и цIэкIэ зэхэт колхозым иджыпсту красноармейхэм я бынунагъуэхэм пхъэуэ кубометр 247 къахуригъэшащ икIи ахэр яхуигуэшащ. Колхозым къищта къалэнхэр щIыхь пылъу егъэзащIэр.

Шэуэ литр 340 жэм зимыIэ унагъуэхэм хуагуэшащ.

Нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм зи унэ якъута колхозникхэм я унэхэр хузэрагъэпэщыжахэщ.

Псалъэм папщIэкIэ, Отечественнэ зауэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьа, Сталинград нэмыцэ-фашистхэм къаIэщIэзыгъэкIыжам хэта Кишев Хьэжмурат унэщIэ хурагъэщIыжащ. Кишевым и унагъуэр зэрыбынунэу нэмыцэ-фашист оккупантхэм лъыр къащIэжу яукIащ. Абы щыгъуэм езыр фронтым щыIащ.

Зи унэхэр нэмыцэхэм ягъэсауэ щыта Борокова Г., Бесланеева Забират сымэ унэщIэхэр хуащIахэщ. Зи къуи 3-р фронтым щыIэ Шаожев Б. и унэри щIэуэ ирагъэщIащ. Ар езыр колхозым и дэIэпыкъуэгъушхуэщ. Стахановскэ лэжьыгъэм зегъэубгъунымкIэ къызэгъэпэщакIуэщ. красноармейцхэм я бынхэу 12-м вакъэ цIыкIухэр колхозым къахуищэхуащ.

Къапщтэмэ, зауэм къулыкъу щызыщIэхэм я бынунагъуэхэу къуажэм къэнахэм унагъуэ 16 я унэхэр зэкIэлъыкIуэу хуабгъахэщ.

Мэкъуу центнер 35-м щIигъу хурагъэшахэщ.

Микоян колхозым зауэм къулыкъу щызыщIэхэм яхуищI дэIэпыкъуныгъэр нэхъри нэхъыфIыжу къызэгъэпэща хъуныгъэм папщIэкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр елэжьыр.

***1943 гъэ, сентябрым и 9***

* * *

Баксанскэ районым щыщу Баксаненкэ къуажэм щызэхэт «Краснэ Звезда» колхозым зауэм щыIэхэм я бынунэхэм дэIэпыкъунымкIэ лэжьыгъэфI ирегъэкIуэкI. Иджыблагъэ зэхэта зэIущIэм колхозхэтхэм унафэ щащIри зауэм щыIэхэм я бынунэхэмрэ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэмрэ яридэIэпыкъуным папщIэкIэ дэтхэнэ зы лэжьакIуэ къэскIэ трудодень 2-2 зэхалъхьащ.

Абы адкIэ республикэм щекIуэкI декадникитIым къыриубыдэу зилIхэмрэ зи къуэхэмрэ зауэм щыIэ бынунагъуэ 18-м я унэхэр хузрагъэпэщыжащ. Колхозым щIэуэ унэ яхуищIащ зи лIыр зауэм щыIэ Кушхова Маруся, Озрокова Лиза, Кайтуковэ Танзил, Тлибекова Х. сымэ икIи нэгъуэщIхэми.

Бригадэ къэскIэ гу зэщIэщIа хахауэ пхъэгъэсынрэ мэкъурэ къыхурагъашэхэр. Бынунагъуэ 14 пхъэгъэсын къыхуашащ, абы щыщхэщ Гучева Тунэ, Озрокова К., Нагоева Д. сымэ. Абы хуэдэ къабзэу бынунагъуи 7 мэкъу къыхуашащ, абы щыщхэщ Ерижокова А., Загаштокова С., Ерижокова Г. сымэ.

***1943 гъэ, сентябрым и 12***

### Гу зылъытапхъэ

*Тхыгъэм иджырей ди пэжырытхэм, стилистикэм темыхуэ куэд хэтщ, ауэ ахэр зэдмыхъуэкIыжмэ нэхъ тэмэму къэтлъытащ.*

*Тхыгъэхэр газетым къизыхыжар*
**УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

### ЗэгурыIуэныгъэм трагъащIэ

**США-м и вице-президент Вэнс Джей Ди жиIащ урысеидзэм и лъэщагъыр Украинэм IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм куэдкIэ зэрефIэкIыр.**

«УРЫСЕЙМ а бжьыпэр иIыгъынущ КъухьэпIэм адэкIэ Украинэм иритыну дэIэпыкъуныгъэм емылъытауэ. Ауэ дэ шэч къытетхьэркъым а зэныкъуэкъур кIыхьлIыхь хъуным Урысейми, Украинэми, Европэми я фейдэ зэрыхэмылъым. Ди дежкIэ нэхъыщхьэраци, Америкэм и Штат Зэгуэтхэми я щхьэпагъ лъэпкъ а Iуэхум хэлъкъым», - жиIащ къулыкъущIэм.

Интернетым щиIэ напэкIуэцIым абы щитхащ лъэныкъуэхэр мамырыгъэм щIэкъун зэрыхуейр, а Iуэхум телэжьэнми, зэманыр ямыгъэкIуэду, иджыпсту иужь зэрихьэпхъэр. Апхуэдэу политикым къыхигъэщащ европей промышленностым и лъабжьэр къызэрытIэсхъар, абы къыхэкIыуи дэIэпыкъуныгъэшхуэ абы къызэрыпымыкIыфынур.

### Унагъуэ мелуан 14-м щIигъум

**Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм къыщащтащ «Анэм и мылъку» программэм 2030 гъэм дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ къыпыщэным теухуа унафэр. Урысейм и Президент Путин Владимир нэгъабэ Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам а Iуэхур къыщыхилъхьауэ щытащ.**

«УНАФЭР ягъэзэщIэн щIадзэмэ, иджыри урысей унагъуэу мелуанитхум нэблагъэм Iэмал яIэнущ анэ мылъкур зыIэрагъэхьэну», - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав.

«Анэ мылъку» къэрал программэм лэжьэн щIидзащ 2007 гъэм, ар къыхалъхьауэ щытащ дунейм къытехъуэ сабийхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ящIын папщIэ. Нэхъапэм ахъшэр етIуанэ сабий къызыхэхъуа унагъуэм ирату щытамэ, иужькIэ программэм зыужьыныгъэ хъарзынэхэр игъуэтащ. Мы гъэм и мазаем къыщыщIэдзауэ япэ сабийр къызыхэхъуэхэм сом мин 690-рэ иратынущ, етIуанэм - сом мин 222-рэ. Апхуэдэу япэ сабийр программэм хэмыхуамэ, етIуанэм деж унагъуэм къыIэрыхьэнущ сом мин 912-рэ.

Мылъкур трагъэкIуадэ хъунущ псэукIэр егъэфIэкIуэным, сабийм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, къищынэмыщIауэ, унагъуэм и хэхъуэр упсэун папщIэ ягъэува ахъшэм нэхърэ нэхъ мащIэмэ, абы щыщ зы Iыхьэ гуэр мазэ къэс къыIэрыхьэным, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми.

«Анэ мылъку» программэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ абы къарит хуитыныгъэхэр Урысейм къыщагъэсэбэпащ унагъуэ мелуан 14-м щIигъум.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Мазаем и 25, *гъубж***

♦ **1946 гъэм** Дзэ Плъыжьым зэреджэр Советыдзэ жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦ **1916 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м и япэ ректору щыта **Бэрбэч ХьэтIуtIэ**.

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Джэмалдин**.

♦ **1952 гъэм** къалъхуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьа, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Ажахъуэ Къанщобий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 5 - 3, жэщым градуси 8 - 6 щыхъунущ.

**Мазаем и 26, *бэрэжьей***

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ **Щауэ Къалидар**.

♦ **1953 гъэм** къалъхуащ адыгэ сурэтыщI, IуэрыIуатэдж, РАХ-м и дипломант, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **ГъукIэ Замудин**.

♦ **1965 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта, къэрал дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ зыхуагъэфэща **Тхьэгъэлэдж Тимур**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 6 - 5, жэщым градуси 7 - 6 щыхъунущ.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Благъэ жыжьэ нэхърэ - гъунэгъуфI.**

# Лъэпкъыр щIэныгъэм хуэзыунэтIа узэщIакIуэт Цагъуэ Нурий

● Тхыдэ

**Мы гъэм илъэс 90 ирокъу адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ узэщIакIуэхэм ящыщ Цагъуэ Нурий дунейм зэрехыжрэ. Абы лъэпкъым хуилэжьамрэ тхыдэм теухуауэ къитIэщIа щIэныгъэмрэ зэрыуасэншэр хьэкъ пщызыщIщ Нало Зауррэ ХьэкIуащэ Андрейрэ къахутахэр, Нало Зауррэ Къалмыкъ Аднанрэ зэдатха «Цагъуэ Нурий. Тхыгъэхэр» тхылъыр.**

ЦАГЪУЭ Нурий и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, къулыкъу, IэнатIэ зэрихьахэм, тхыгъэрэ лэжьыгъэу къыдигъэкIам теухуауэ щэхуу щыIэр мащIэкъым. Мыубзыхуауэ къанэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ар къыщалъхуа илъэсымрэ щIыпIэмрэ зэрызэхэмыгъэкIар. Тхыгъэ щыIэхэм ахэр зым щытеубыдакъым, зэщхьэщыкIыныгъэшхуэхэр яIэщ, архив тхылъымпIэкIэ щIэгъэбыдакъым. Арами, Цагъуэр къыщалъхуауэ щIэныгъэлIхэм нэхъ зытраубыдэр 1888 гъэрщ.

Совет жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ, узэщIакIуэ гупым ящIыгъуу адыгэ алыфбейр зэхэзылъхьа Цагъуэр Урыс-Кавказ зауэжь лъэхъэнэм хэкур зрагъэбгынахэм я щIэблэм ящыщт, Щамым (Сирием) хиубыдэ Бир-Аджам къуажэ цIыкIум къыщалъхуат. Илъэсих фIэкIа мыхъу Нурийрэ и къуэшищымрэ я адэ-анэр зэкIэлъхьэужьу дунейм ехыжри, цIыкIухэр къыхуэнащ я адэ къуэш, тыркудзэм и генерал Цагъуэ Екъуб.

Екъуб и къуэш бынхэр ипIащ, IэщIагъэ-щIэныгъэ яригъэгъуэтащ. 1897 гъэм Нурий гимназием щIигъэтIысхьэри къригъэухащ, иужькIэ нэхъыфI дыдэу еджэ ныбжьыщIи 10-м яхэту 1907 гъэм щIагъэтIысхьащ Истамбыл университетым и юридическэ къудамэм.

А лъэхъэнэм ирихьэлIэу тырку меджлисым къыхилъхьащ IуэхуфI - Кавказым икIа мухьэжырхэр хуит ящIащ, Уэсмэн къэралыгъуэм КъурIэныр зэрыщаджа тырку тхыбзэжьыр тегъэщIапIэ ящIу, адыгэ алыфбей зэхагъэувэну. Абдеж щыщIидзащ Цагъуэ Нурий и жылагъуэ-щэнхабзэ лэжьыгъэр. «МэшхуэфI Умар, НэгъущI СуIэд, Мэт Изэт, Чунэтыкъуэ Мухьэмэд-Алий, Хьид Талхьэт, Агъэмыкъуэ Умар сымэ (иджыри зи цIэр сымыщIэж щIалэ зыбжанэ къытхэту) дызэщIыгъуу тырку-хьэрып тхыбзэмрэ латинымрэ къэдгъэсэбэпурэ адыгэбзэ алыфбейм елэжьын щIэддзат. КъищынэмыщIауэ, ди лъэпкъэгъухэр зыдэс къуажэхэм къыщызэрагъэпэщат лъэпкъ щэнхабзэм зыщрагъэужь Iуэхущ1апIэхэр», - итхыжащ Нурий иужькIэ.

А IуэхущIапIэхэм къекIуалIэхэм ахъшэ зэхадзэурэ, студент гупым зыщIагъакъуэрт, я лэжьыгъэр зэпымыун папщIэ. 1910 гъэм къыдагъэкIыу щIадзащ Цагъуэ Нурий зи унафэщI «Гъуазэ» газетыр.

1912 гъэм Нурий университетыр къиухащ. А лъэхъэнэращ абы Хьэцыкъ Мэжидрэ КIурашын Iэдэмрэ къыщицIыхуари. Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Хэкужьым къикIа щIалитIым Нурий Къэбэрдейм кърагъэблэгъащ, егъэджакIуэу щылэжьэну. Илъэс дэкIри, Нурий хэкум къигъэзэжащ, икIи Цагъуэхэ зыдэса Тамбий къуажэм (Дыгулыбгъуей) дэтIысхьэжащ. НэIуасэ къыхуэхъуа къэбэрдей щIалитIым зэрыжаIауи, Нурий щIыпIэ мыдрисэм лэжьапIэ къыщыхуагъуэтащ адыгэбзэмрэ хьисэпымкIэ егъэджакIуэу.

ИпэжыпIэкIэ, нэхъ пасэIуэу ятха лэжьыгъэ щхьэхуэхэм къыхагъэщат ХьэтIохъущокъуэм и лъэIукIэ Цагъуэм къигъэзэжауэ, иужькIэ зыкIи зыщIимыгъэкъуэжауэ. Абы зыкъомкIэ къыщхьэщокI лъэпкъ узэщIакIуэ Елбэрд Хьэсэн къиIуэтэжахэр: езы Цагъуэр ХьэтIохъущокъуэм елъэIуат хэкум ит муслъымэн еджапIэхэм анэдэлъхубзэр щрагъаджэу щIадзэнымкIэ и мурадхэр къыдиIыгъыну. Ар къыщыхуамыдэм, щахузэфIэмыкIым, лэжьапIэншэрэ мылъкуншэу къэна Цагъуэм выгу зэщIэщIа пщым кърет, унэ цIыкIу гуэри еуцIырхъри, къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэу Дыгулыбгъуей дотIысхьэ. ИужьыIуэкIэ а зэман дыдэм Бахъсэн къыщызэрагъэпэща муслъымэн еджапIэм Цагъуэр егъэджакIуэу ирагъэблэгъауэ арат.

Нурий хэкужьым къызэригъэзэжрэ илъэсищ дэкIауэ, ар нэIуасэ хуэхъуащ Дым Iэдэм. ЛIы жыджэритIыр щызэрихьэлIэм, илъэс нэхъ дэмыкIыу къызэIуахащ япэ адыгэ тхылъ тедзапIэ. Абы къыщыдагъэкIыу щIадзащ адыгэ тхыбзэм, щэнхабзэм, экономикэм зегъэужьыным теухуа тхыгъэхэр зыгъэнахуэ «Адыгэ макъ» газетыр. Гулъытэ хэха хуащIырт IуэрыIуатэм: къыдэкIыгъуэ къэс газетым къытехуэрт нарт хъыбарыжьхэр, уэрэдхэр, жыIэгъуэхэр, къуажэхьхэр, псысэхэр. А лъэхъэнэм жылагъуэм зиужьыжын щIидзауэ лъэпкъылI куэд щызэхуэсырт Дымхэ я IуэхущIапIэм. Ахэр тепсэлъыхьырт художественнэ литературэм, хьэрып алыфбейр тегъэщIапIэ ящIу ягъэпса адыгэ тхыбзэм зегъэужьын зэрыхуейм.

А гукъыдэжым зэрихьэ узэщIакIуэхэм я къарур зэхалъхьэри, 1917 гъэм Кушмэзыкъуей къыщызэрагъэпэщащ иджыри зы мыдрисэ. Абы щрагъэджырт тхыдэр, хьисэпыр, диныр, нэгъуэщIхэри.

АнэдэлъхубзэмкIэ, лъэпкъ тхыдэмкIэ, географиемкIэ, естествознаниемкIэ езыгъаджэ Цагъуэм и лэжьыгъэм дагъуэ хуащI хъуащ ауэрэ. Абы щIэс цIыкIухэм къыдалъхуа я бзэкIэ ирагъэджыр нэхъ къазэрыгурыIуэми, фIыуэ зэралъагъуми, нэхъыфIу зэрызыхуагъэхьэзырми шэч хэлътэкъым. Ауэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, дунейм и зэхэлъыкIэ пэжыр зыщIэ егъэджакIуэм а дерсхэр диным и Iуэху еплъыкIэхэм тету иригъэджу щытагъэнукъым. Зэ мыхъуми зэ а псор хэIущIыIу хъущ, муслъымэн диным и лэжьакIуэхэм зыкъаIэтри, Цагъуэр и лэжьапIэм къыIуагъэкIащ, еджакIуэхэр «игъэсэхъуу», диным къытришу жаIэри. Цагъуэр лэжьапIэм IуагъэкIа нэужь, и гъэсэнхэм зыкъаIэтат, ауэ ахэри сабийхэр къызэщIэзыгъэстауэ къалъыта ЩоджэнцIыкIу Алии муслъымэн еджапIэм къыщIадзащ.

1919 гъэм, дзэ хужьыр властым къытеува нэужь, Цагъуэр Налшык къалэ ираджэ «Адыгэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу. А къулыкъур мазэ фIэкIа зэримыхьауэ, Нурий редакцэм къыIукIыжащ, лъэпкъыр куэдкIэ зыщыгугъ, зэфIэкI хьэлэмэтхэр къызылъыкъуэкIа щIалэщIэ ЩоджэнцIыкIу Алий езым и пIэ иригъэувэри. 1924 гъэм ирихьэлIэу Цагъуэм лэжьыгъэ зыбжанэ зэдихьырт: абы Налшык и курыт еджапIэ зыбжанэм адыгэбзэмкIэ щригъаджэрт, Тамбий къуажэ дэт курыт еджапIэм и унафэщIт.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ХьэкIуащэ Андрейрэ тхакIуэ, усакIуэ Къалмыкъ Аднанрэ зэхагъэува «Тхыгъэ къыхэхахэм» уриплъа нэужь, наIуэ пщохъу Цагъуэ Нурий, егъэджакIуэу, тхыдэджу зэрыщытам и мызакъуэу, философ лъэщу, зи гупсысэр кууэ къыщIэзыгъалъэ узэщIакIуэу дызэриIар. КъищынэмыщIауэ, адыгэм и пасэрей тхыдэр къитIэщIыжкIэрэ, мифологиеми хэмыIэбэу зэрымыхъуар. Иужьрейрауэ къысфIощI Нурий еджакIуэхэр «игъэсэхъуу», диным кърищу щыхуагъэфэщауэ щытар.

«Къыхиха IэщIагъэм тепщIыхьмэ, Цагъуэр зыхьыа Iуэхугъуэхэм - хамэ щIыпIэ къыщыхута ди лъэпкъэгъухэм я бзэр, хабзэр, хьэлщэнхэр хъумэным, я зэхэщIыкIыр, щIэныгъэр къэIэтыным, тхыдэр джыным - хыхьэн хуеякъым. Ар зыхуеджар, къалэну и пщэ къыдэхуар тырку къэралыгъуэм и хабзэхэр сэкъатыншэу хъумэнырт. И щхьэ закъуэм Iуэхур трищIыхьамэ, абы иIыгъыну къулыкъум, шэч хэмылъу, ар зыхуей хуэмыныкъуэу, тхъэжу ирипсэуфынут. Уэчыл къулыкъум а лъэхъэнэм КъуэкIыпIэмкIэ пщIэ лей щыхуащIу щытащ. Ауэ Цагъуэм и гур зыхуэушар щхьэ закъуэ псэуныгъэратэкъым. И щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ хуэхьэзыру щытащ, и лъэпкъэгъухэм къалэн зэрахуищIэным», - итхауэ щытащ Налом.

Уэчыл IэщIагъэм щыхуеджэм лъэпкъ Iуэхури щыгъупщакъым Цагъуэм. Абы илъагъурт къыдалъхуахэр зыхэт кIыфIыгъэр, къыгурыIуэрт Iуэху еплъыкIэ пхэнжхэр псынщIэу гъэкIуэда зэрымыхъунури. А псом я хэкIыпIэу къилъытар лъэпкъым щIэныгъэ етынырт, муслъымэн диным зэригъэува щытыкIэм ишынырт. Аращ зыхуэгъэпсар 20-нэ гъэхэм Цагъуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэу «Дунейр зэрызэхэлъым и хъыбар», «Адыгэм и тхыдэр», «ЩIалэ гъуазэ» жыхуиIэхэр, «Къэрэхьэлъкъ» газетым къытехуа лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЦIыхур япэу дунейм къыщытехьам, адыгэм и тхыдэр къыщежьэжам, ар къыздикIам, езым и фIэщхъуныгъэрэ хабзэрэ сытым дежи зэриIам кууэ тетхыхьащ щIэныгъэлIыр. Мы тхыгъэм кIыхьлIыхь зезгъэщIами, гулъытэ нэхъыбэ зыхуэсщIыну сызыхуеяр – адыгэ лъэпкъым зищIэжыныкIэ Цагъуэм лэжьыгъэу зэфIихамрэ, ар къыхуэзымыдахэм жэуап зэрыригъэхьынур ищIэ пэтми, нобэм къигъэсын папщIэ лъэкI къызэримыгъэнамрэщ.

«Адыгэр мы хэкум къыщихьар илъэс минибл ипэкIэщ. А лъэхъэнэ кIыхьым и кIуэцIкIэ ди лъэпкъым и щхьэм куэд кърикIуащ. Адыгэ хэкур нобэ куэду Iэззэв-лъэззэвщ. Пасэм щыгъуэ ди хэкум и гъунэр шэмалымкIэ Индылрэ Донрэ, Къырымрэ къыщежьэрэ, джынубымкIэ Мысыр нэсу, къуэкIыпIэмкIэ Хъэззэр Iуфэм щиублэрэ, къухьэпIэмкIэ Асия ЦIыкIум и кIэм нэсу щытащ. ГъуниплIым къриубыдэу хъуа хэкушхуэм ди лъэпкъыр илъэс мин зыбжанэкIэ «шурэ-лъэс» щыджэгуащ, я губзыгъагъэмрэ я бзэмрэ, я тхылъымрэ я хабзэ дахэмрэ щызекIуащ. Адыгэр зи гугъу къэсщIа хэкум зыщиубгъуным ипэкIэ зэрысар, и цIэмрэ и щхьэмрэ къыщыунэхуар Къэфкъасия жыхуаIэу иджыпсту зи кIапэ дызэрыс хэкуращ. Пасэм щыгъуэ адыгэр Къэфкъасия хэкум зэреджэу щытар «Iуэдыщэщ». «Адыгэ» цIэр къыщежьар IэIэт пщыжьым и дежщ. IэIэт и адэр Таргъумщ, Таргъум и адэр Гомэрщ, Гомэр и адэр Яфэсщ, Яфэс и адэр Нухьщ. ЛIакъуэкIэ адыгэр Нухь бегъымбарым и къуэ Яфэс йокIуалIэ. Адыгэм еусэяуэ цIыху хужьхэм КъокъазинкIэ *(кавкасион – Ф.А.)* йоджэ. СеркъасинкIэ къыдоджэ хамэхэр *(черкес – Ф.А.)*. Керкэ гуащэм и тетыгъуэм щыгъуэ хамэхэм къытфIаща цIэщ ар. Керкэр IэIэт и шыпхъут. Дахагъэрэ, къабзагъэрэ, жаныгъэкIэрэ нэхъ зэкIэлъыкIуэ щыIакъым. IэIэт иужькIэ жылэ унафэр зи IэмыщIэ илъар, хэкум и пщыуэ щытар Керкэ гуащэрщ. Дахагъэри, тетыгъуэри, беигъэри зыбгъэдэлъ бзылъхугъэм «ТхьэщIэрыпхъу» фIащауэ, тхьэ къару бгъэдэлъу щытащ. Абы и фащэр иджыри къэскIэ адыгэ цIыхубзым фащэу яIэм хуэдэу къабзэу щытащ. И бгыр дыщэ бгырыпхкIэ щIипхэрт, и щхьэм дыщэ пыIэ щхьэрыгът.

Хьатухэр жаIэу зы адыгэ жылэ щыIащ. Керкэ иужькIэ адыгэ жылагъуэм ящыщу нэхъ зи цIэ къаIэтар Хьатухэм я пщыгъуэращ. Хьатухэм пшыгъуэ щызэрахьауэ щытар Асия ЦIыкIуращ. Хьатухэм я IэщIагъэ, я сын, я сурэт, я тхыгъэр ди хэкум къыщыщIэкIыжу хуежьащ, ауэ я пщыгъуэр Къэфкъасым щызекIуауэ къэнэхуа кIыщIэкъым. Хьатухэм я лъэхъэнэм адрей адыгэ жылагъуэхэми пщы цIыкIу зырыз яIэу, Хьатухэм я пщыр пщым я пщыжу, хамэ къащыхьэмэ, зауэ хъумэ, псори зэдэзауэу, езыхэр зауэкIэ ерыщу, зауэ IэмэпсымэкIэ зэгъэпэщауэ, унафэ зэкIэлъыкIуэкIэ дзэхэр зэрашэу щытащ. Я дзэм и зы ныкъуэр шууэ, языныкъуэри лъэсу, языныкъуэри зауэгум ярысу щытащ. Iэщэу яIар - къамэ, бжы, мэIу, шабзэ, зауэгу, хьэджэсэ, джыдэ, дзитI иIэу. ТхьэпсэкI, Къаргъэмыщ, Къуэдыщэ хуэдэу къалэ быдэ ящIауэ щытащ. Хьатухэм я пщыгъуэр къыщежьар Асия ЦIыкIум и кум дежщ, иужькIэ къуэкIыпIэмкIэ бабил, асурхэм я щIым, къухьэпIэмкIэ Дардэнел бугъазым, джынубымкIэ Мысыр нэсу, шэмалымкIэ хэкум къэсу заубгъуащ. Ныкъуэкъуэгъухэу яIар, зауэ зыращIылIахэр: Асурхэр, Бабилхэр, Мысырхэращ. Бабилыр, Асур хэкур къыщащтар илъэс 3750 и пэкIэщ. Абы щыгъуэ Хьатухэм я пщу щытар УэрХьэтущ.

Хьатухэм Хьиксусхэр (*алыджхэр – Ф.А.*) ящIыгъуу Мысырыр фирхьэунхэм къытрахри лIэщIыгъуих хуэдизкIэ яIыгъащ. Мысырым къикIыжа нэужьи Мысыр фирхьэунхэм езэуахэщ, щызэзэуахэр Суриям и шэмал лъэныкъуэхэращ. Мысыр фирхьэунхэм езэуа ХьатуупщхэрМау япэрэ Мау етIуанэрэщ. Мысырым пщыуэ тетар Рэмсыс етIуанэращ, адыгэм СэIусурэс жыхуаIэу щытар.

Асия ЦIыкIум и жылэм IэерогъулифIыр «щызыубгъуар» Хьатухэращ. IэерогъулифIым и нэмыщIауэ Iунэ тхыбзэкIэ Хьатухэм я тхыгъэ Уан лъэныкъуэм къыщагъуэтащ. Мывэ сурэт IэщIагъэкIэ Хьатухэр Iэззэу щытащ. Сурэту ящIам и нэхъыбэм дин Iуэхущ къаIуатэр. Хьатухэм ящIауэ бгъэ зэгуэт сурэт къагъуэтащ. Хьатухэр гъущIхэкIхэми хуэIэззэт. ДыжьынхэкIыр нэхъ ящIу щытащ, жэзми мэIурэ къинэмыщIрэ къыхащIыкIырт, мывэр фIыцIэу, хужьу, плъыжьу жэзкIэ зэхэгъэлъэдэжауэ ящIырти, уэрамхэр ирапкIырт...», - итхыжащ Цагъуэм.

АдэкIэ щIэныгъэлIыр тотхыхь Хьэт къэралыгъуэр зэрыкIуэдыжамрэ ар зэзыпхъуахэмрэ, лъэIэсащ Дау пщыжьми, Ридади, мамлюкхэми. Уеблэмэ Ленин и гугъу ищIынуи хунэсащ. Зэпкърихащ дунейм и зэхэлъыкIэри, щIыуэпсым и хабзэхэри, сымаджэм зэреIэзэ щIыкIэхэри. ЖыпIэнуракъэ, адыгэм а цIэр зэрихьэу къызэригъэщIрэ езы Цагъуэр кIуэдыжыху я зэхуаку дэлъ зэман пычыгъуэр къигъэнэIуэну хузэфIэкIащ.

1935 гъэм мазаем и 7-м Цагъуэр яубыдауэ щытащ политикэ щIэпхъаджагъэ зэрихьауэ ягъэкъуаншэу. Ауэ ВКП(б)-м и обкомым и япэ секретарь Къалмыкъ БетIал хузэфIэкI къимыгъанэу хэлIыфIыхьащ Нурий и Iуэхум, икIи тралъхьа пцIым щыхьэт техъуэн гуэри щамыгъуэтым, егъэджакIуэр къаутIыпщыжауэ щытащ. А илъэс дыдэм, дыгъэгъазэ мазэу, лэжьыгъэ IуэхукIэ Нурий Налшык къалэм ираджат. Абы кIуэуэ гъуэгу тету, Цагъуэр зэрыс машинэр мылым ирихьэкIщ, гъуэгум тежри, щхьэпридзащ. Шэджэм Къундетей МыдрыщIым деж къыщыхъуа насыпыншагъэм щыхиха фэбжьым къелакъым Нурий, сыхьэтитI дэкIри лIащ, щыщIалъхьэжари щыпсэуа къуажэрщ.

«Си шыпхъу нэхъыжьитIым еджапIэр къаухырти, абыхэми сахэплъэнщ, лэжьыгъэ IуэхукIэ къызэджащи, ари зэфIэзгъэкIынщи сыкъэкIуэжынщ жиIэри, пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджат ди адэр. ЩIымахуэм жьыуэ нэху щыкъым, зэрыжысIам хуэдэу, пщэдджыжь нэмэзым дыкъимыгъэушын щхьэкIэ, щэху дыдэу зигъэхьэзырри щIэкIащ. Си анэм иужькIэ жиIэжат мыпхуэдэу: «Нурий IэуэлъауэншэIу зигъэхьэзырами, зыгуэрым сыкъигъаскIэри, сыкъызэщыуащ. Абы ирихьэлIэу гу лъыстащ, ар щIэкIуауэ, бжэр къызэрыришэлIэжым. СщIэркъым, щIыIэ-щIыIэу си гум зыгуэр къэкIри, щхьэ сыкIэлъыжэу къезмыгъэгъэзэжрэ жысIэу, сыкъэгузэващ, си гур пыхуащ, ауэ зыщхьэщызгъэуащ а гукъэкIыр». Ди адэр лъэсу къыдэкIащ къуажэм, Налшык нэс кIуэну машинэ къигъэувыIэу зригъэшэну. Бахъсэн узэрыкIуэ гъуэгум къыщысым зы машинэшхуэ къакIуэрт, кабинэм ихуэр ису, имыхуэр кузэм дэпщеяуэ. Ди адэм и узыншагъэр щIагъуэ дыдэтэкъым, жьы къыщIихуу исыфынутэкъыми, нэгъуэщI машинэ сежьэнщ, фыкIуэ фэ, яжриIащ. «ЩIакIуи, пыIэ хуаби илъщ мыбыкIэ, удгъэхуэбэнщ, зи цIэр ираIуэ Цагъуэ Нурий дригъусэу Налшык дыкIуащ жытIэу, тIуэтэжыну дрикъунщ, къакIуэ», - щыжаIэм, дэкIуеящ. ЗэрыжаIауи, щIакIуэр къытраубгъуауэ, щIауфауэ здэкIуэм, гъуэгу щтырыгъум машинэр тежщ, жыгым жьэхэуэщ, иридзэкIри, тIорэ-щэрэ щхьэпридзыжащ. Машинэм исауэ хъуар кърдзащ, псори зэплъыжри, зыми зыри я лажьэтэкъым, ауэ ди адэр лъэныкъуэкIэ щылът, зимыщIэжу. Машинэ блэж къагъэувыIэри, сымаджэщым нагъэсащ, ауэ зыри яхуещIакъым и щхьэм игъуэта фэбжьым. Сыхьэт бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу и псэр хэкIащ», - къиIуэтэжауэ щытащ Нурий ипхъу Тамарэ.

1936 къыдэкIауэ щыта «Кабардинский фольклор» тхылъым и гуащIэшхуэ хилъхьат Цагъуэм. Ар къыбгуроIуэ нартхэ я Сэтэней гуащэрэ аккад мифологием хэт Иштар тхьэ анэмрэ щызэрагъапщэ псалъэухам ущынэсым деж. АпхуэдизкIэ щIэныгъэ куу бгъэдэлъат Цагъуэми, иджы дыдэ езырезыру дыкъыхуэкIуэжу аращ щIэныгъэлIым илъэси 100 ипэкIэ итхауэ щытам.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Цагъуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа псоми дыщыгъуазэкъым, «Кабардинский фольклор»-р зэрагъэкIуэдыжам хуэдэу, жьы жагъуэ къащIихуа хъунщ Нурий и IэдакъэщIэкIхэм. СфIэгъэщIэгъуэнщ иджыри зы Iуэхугъуэ... Ар зыхэкIуэдауэ жыхуаIэ аварэм цIыху зыбжанэ хэтами, Цагъуэм и закъуэщ машинэ щхьэпридзам иукIар, - жеIэ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм.

Политикэ IуэхукIэ лъэпкъым фIагъэкIуэда щIэныгъэлIхэм уатепсэлъыхьыну, уатетхыхьыну тыншкъым. Пэжым еувэлIэгъуейщи, къыпфIызэкIэлъокIуэ гупсысэ мыухыжхэр: ахэр ямыукIатэмэ, сытым хуэдэу зрагъэужьынут ди щIэныгъэм, тхыдэм, щэнхабзэм; сыту лъабжьэ быдэ дгъуэтыжынут; адыгэм ди щыIэкIэ-псэукIэр нэгъуэщIу щытыну къыщIэкIынт...

**ФЫРЭ Анфисэ**,
*тхакIуэ, журналист,*
*ЩIДАА-м и*
*член-корреспондент.*

# ТхыдэкIи щIыналъэкIи зэпыщIащ

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

**ЦIыху набдзэгубдзаплъэ гуэрым гу зэрылъитауэ, къыплъэмыIэсыщэрэ узыщымыгъуазэу алъандэрэ къекIуэкIа щыIэкIэпсэукIэхэм, ипэкIэ уздэщымыIа щIыпIэхэм зекIуэ гъуэгуанэм уащыхуишэкIэ, укъыщыщIидзам «аргуэру сыкъыщыпсэужаи!» жыуигъэIэу, абы ипэкIэ зэщIэнауэ щыта уи IэпкълъэпкъэнI къыщызэщоуж, уи псэри тыншыгъуэ гуэрым щыхохьэ.**

ЛЪЭНЫКЪУЭ куэдкIэ узыузэд, узыпсыхь, уи акъылыр зыгъэжабзэ щытыкIэщIэм абы ипэкIэ къыпфIэмыIуэхущэу къекIуэкIа Iуэхугъуэхэм утрагъэгушхуэ, гукъэкIыфIхэм ухуашэ, а псом къыдэкIуэуи, гъащIэр хьэлъэ къыпщызыщI гупсысэхэми уакъыхешыж.

Дауи, тщыщ дэтхэнэми ипэкIэ дымыгъэунэхуам гъунэгъу зыщыхуэтщIкIэ, зымащIэ нэхъ мыхъуми дримыгузэвэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Ар гурыIуэгъуэщ, ауэ, итIани, дызытехьэ гъуэгуанэм ди гущIэм аддэ жыжьэу къыщызэщIищIэ хъуэпсэгъуэ бзийхэм дэтхэнэ ди зы лъэбакъуэри чыгъуафIэ ящI, ди псэмрэ пкъынэлъынэмрэ зыхэзыгъэбыдыхьа щтэIэщтаблагъэхэр хагъэщэщыж, къаруущIэхэр къытхалъхьэжри, гукъыдэжкIэ гъэнщIа щытыкIэ дахэм дыхашэж.

КъэкIуэхьынигу сыщыхъуам, си зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ирезгъэхьэлIэри, гъуэгуанэм щIэх-щIэхыурэ сытезышэ лъакъуэрыгъажэ псынщIэр къэзгъэIэгъуащ. Налшык сыдэшэсыкIри, Ростов-Баку федеральнэ гъуэгу нэхъыщхьэм сытехьащ. Сыхьэт зытIущым кърибубыдэу, Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм сынэсщ, благъэхэм закъезгъэлъагъури, адэ къуэшым и лъапсэм си «шыр» щыслъэхъащ.

КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым, нэху щызгъэща псыхъуэмкIэ километр 20 хуэдиз сыдэжеижри, абдежым Осетие Ищхъэрэ-Аланием и щIыналъэм щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ къыщыпэгъунэгъу Ираф куейм и къуажащхьэ Шэгуолэ (Чикола) здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ езгъэзэкIащ. Даргуэм зи фIэщыгъэ псы гуэж цIыкIур къызэзнэкIри, Толдзгун къуажэм сыдэлъэдащ. Ар Лэскэн Езанэм зэрыпэжыжьэр километрийщ, Касалкун псым и Iуфэм Iусщ. Мы зэманым цIыху 400 иримыкъу дэсщи, и нэхъыбэр дигор осетинщ. ЩIыпIэцIэр тIууэ зэхэухуэнащ: «толдзэе» - жыгей, «гун» - гуэрэн (адыгэбзэм хуэбгъакIуэмэ «жыгей гуэрэн»).

### Къыщыунэху тIуащIэр къызэрымыкIуэу дахэщ

Къуажэхэу Толдзгунрэ Хъазнидонрэ я зэхуаку дэлъ километри 5-р тыншу къызэзнэкIащ. Тхыдэм ириплъэжхэм къызэрахутамкIэ, иужьрейм теухуа хъыбарым 1753 гъэм урысхэм ягъэхьэзырауэ щыта дэфтэрым япэ дыдэу ущрихьэлIэнущ. Абы къызэрыхэщыжымкIэ, «Къарэджэу» осетин жылэр адыгэпщ Къетыкъуэхэ я IэмыщIэ илъащ. Ди зэманым а къуажэм цIыху 900-м щIигъу дэсщ.

Хъырзынэпс Урыху щыхэхуэжым деж къыщыунэху тIуащIэр къызэрымыкIуэу дахэщ. Мыбдежым уэру щызэхуос зи нэгу зыщезыгъэужьыну гупыж зыщIэхэр. Осетием щыпсэухэм къинэмыщIа, абыхэм яхэтщ нэгъуэщI щIыпIэ къикIхэри.

«Хъазнидон» псалъэр IыхьитIу зэхэтщ: «хъызны»-рэ «дон»-у (адыгэбзэм хуэдгъакIуэмэ, «псы»-рэ «бэв»-у). ФIэщыгъэр псыр зыдэт къуэр хъупIэкIэ зэрыбейм къытехъукIауэ жаIэ. Километр 40 и кIыхьагъщи, а цIэ дыдэр зезыхьэ къуажэм деж Урыхужь щыхолъэдэж.

### Шэгуолэ

Псым адрыщIкIэ къэлъагъуэ губгъуэм Ираф куейм и къуажащхьэ Шэгуолэ зытриуфэбгъуащ. СыкъыщыувыIа лъэмыжым къыщыщIэдзауэ абы нэс дэлъыжыр километритху къудейти, а «ичыгъуэ тIэкIур», гугъу сызэрыдехь щымыIэу, къызэзнэкIащ. Махуэм и зыкъэIэтыгъуэу сыдэлъэдащ зи гугъу сщIы губгъуэрыс осетин жылэшхуэм. Мы зэманым абы цIыху мини 7-м нэблагъэ щопсэури, и нэхъыбэр дигор осетинщ.

Илъэс 250-рэ ипэкIэ ищхъэрэкIэ къикIыу Кавказыр зыубыду хуежьахэр, XIX лIэщIыгъуэм икухэм ирихьэлIэу, осетинхэм ящыщу муслъымэн дин зезыхьэхэмрэ чыристану зыкъэзылъытэжхэмрэ зэрызэхагъэщхьэхукIыным яужь ихьат. Апхуэдэу, 1852 гъэм, урыс джыназ Воронцов Иван зи пашэ комиссэм хэтахэм Стур-Дигора, Ахсау, Махческ, Галиат, Фаснал, Дур-Дур къуажэхэм муслъымэн дин зезыхьэу дэсахэр лъэщыгъэкIэ къыдагъэIэпхъукIри, ижькIэрэ Къэбэрдейм ейуэ щыта щIы кIапэу иджырей Кугъуэлъкъуей адыгэ къуажэжьым ипщэкIэ щыIэ мэзым и адрыщI тафэ абрагъуэм трагъэтIысхьащ. ИкIи, Шэгуолэ псы цIыкIум и Iуфэм а зы илъэсым кърибубыдэу Вольнэ-Магометановскэ къуажэр («Муслъымэн щхьэхуитхэм я жылагъуэр») къыщызэрагъэпэщащ. А зэманым абы дэсар цIыху 500-м нэблагъэщ.

А лъэхъэнэм Кавказ администрацэм и жэрдэмкIэ Урысей пхащIэм кърагъэIэпхъукIхэмрэ Украинэм къикIа мэкъумэшыщIэхэмрэ Тэрч областым уэру кърагъэтIысхьэрт. Ахэращ «Муслъымэн щхьэхуитхэм» я къуажэм къегъэщIылIа Iэгъуэблагъэм хутор 12 къыщызэзыгъэпэщауэ щытари.

### ЩIыуэпсым и фэеплъ телъыджэ

Шэгуолэ сызэрыдэлъадэу, сIыгъ «фэлъыркъэб» цIыкIум итыр абы дэт псы къижыпIэхэм ящыщ зым деж щызэсхъуэкIри, гъуэгу сытехьэжащ, къуажэм ипщэкIэ щыIэ жьэгъущIэт сэтей кIыхьышхуэм сыхуэкIуэу. Лъакъуэрыгъажэм сызэрытесу, зызоплъых икIи сыпходэIукI. Гу лъызотэ нэм къызэщIиубыдэ Iэгъуэблагъэр щхъуантIагъэм зэрыщIигъэнами, Мэзылъэ шытхым и Iуащхьэхэр абы зэрыщхьэщылъэгыкIыми, ижь лъэныкъуэмкIэ гъунэгъу къэхъужа Урыхужь зыщIэпсэлъыкIыжрэ щызэщIэжьыуэжу зэрыщешкIурэхэми. Сэмэгу лъэныкъуэмкIэ, гъуэгум метрипщI хуэдизкIэ пыIукIуэтыкIауэ, жыг лъахъшэ цIыкIурэ чыцэ гуэрэнкIэ зэхэкIыхьыжа мэз кусэ кIыхьым зыщеуплIэнущI.

«БгырыкIуэ лъагъуэм» япэу сызыхуиша жылэр, Ахъсэрисар, «Муслъымэн щхьэхуитхэм» я къуажэм километр 12-кIэщ зэрыпэжыжьэр.

Ахъсэрисар и «пщэдыкъ» къыдэсыр, ди зэманым ныкъуэбгынэ хъуа, мэзпыупщIхэм я жылэ цIыкIуу щыта Къэлыхьущ. Абдежыр и щIэдзапIэщ Урыху Къырылъэ шытхым лIэщIыгъуэкIэрэ щыпхиугъуэныкIа мывалъэ къуэкIий куум. Абы зэрымыщIэкIэ япэу дэплъэ дэтхэнэми гущтэ имыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. ЗэдыгуаупсыкIа фIэкIа умыщIэну захуабзэу зэдех бгы нэпкъыжьитIым къагъэщIащ километритху зи кIыхьагъ, метр 70-м нэблагъэ зи куугъ дурэшыжь шынагъуэр. Аращ «Дигор жьанэ» («Ахсиндтэ») хъужыр. Мы щIыпIэр и «куэбжэщ» Кавказым щынэхъ уардэ, щынэхъ бгъуфIэ дыдэхэм хабжэ Дигор тIуащIэм. И зэвыпIэ дыдэм, зыгуэрхэм ягу къэкIри, псым иризэпрыкIын папщIэ, мывэ гъэжам къыхащIыкIа лъэмыж тралъхьащ. ЗыплъыхьакIуэ къакIуэхэри щIыпIэрысхэри зэпрыкIыпIэм (кIуэ ар абыхэм къызыхахар уэ къащIэ!) «Iиблис лъэмыжкIэ» йоджэ. Мывэ лъэмыжым адэкIэ, псым и жапIэмкIэ зы километр хуэдизкIэ уекIуэтэхыжмэ, мы зэманым цIыху зыдэмысыж Дидинатэ къуажэ цIыкIум урихьэлIэнущ.

Си япэ къыIухьэгъуэти, сфIэгъэщIэгъуэныщэ хъури, зэпрыкIыпIэм сыщхьэщыуващ. Мывэ хьэкхъуафэр и теплъэу, зэхуэзэвыбзэу зэшэлIа къырыжьитIым я лъабжьэ дыдэм ДыкъэзыгъэщIам дигъэзэгъа псы къикъуэлъыкIым шынагъуэрэ IэубыдыпIэншэу зэрыщызихъунщIэм укIэлъыплъыныр псэр зыгъэхьэшкIурашкIуэщ, гур зыгъащтэщ.

ЗэвыпIэм уфIэкIмэ, МацIутIэ лъапэрытым уохьэ. Абдежым бгыхэр нэхъ щызэкIэщIокIуэт, тIуащIэри Iэхуитлъэхуит щохъуж. Ауэ ар итIанэщ...

Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм и Iуащхьэжьхэмрэ абыхэм къедза бгыжьхэмрэ я щыгум илъэс минкIэрэ щызэтрищIа мылыжьхэр зи къыщIэдзапIэ Урыхужь и кIыхьагъыр километри 104-м ноблагъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Александровскэ станицэм деж Тэрч щыхохуэж.

### Анзорхэ я тхыдэм щыщщ

Къэбэрдейм и пщы щIыналъэхэм щхьэкIэ «Идархэ я Къэбэрдей», «Къазийхэ я Къэбэрдей», «Щолэхъухэ я Къэбэрдей», къинэмыщIхэри жаIэу щытати, XVIII лIэщIыгъуэм икIэ пщIондэ Анзорхэ яIыгъ щIыхэр къыщагъэлъагъуэкIэ «Анзорхэ я Къэбэрдей» фIэщыгъэрат къагъэсэбэпыр.

Тхыдэдж, лъахэхутэ емызэш Мамхэгъ Астемыр и тхыгъэхэм ящыщ зым къызэрыщигъэлъагъуамкIэ, XVI лIэщIыгъуэм и кIэхэм Анзорхэ я щIыналъэхэм къызэщIаубыдэрт: къуэкIыпIэмкIэ щегъэжьауэ къухьэпIэмкIэ кIуэуэ – Сунжэ псы Iуфэмрэ иджырей Владикавказ къалэм и щIыпIэ щхьэхуэхэм дежрэ адэкIэ зэпыту Аргудан, Лэскэн, Урыху, Тэрч псыхэм къедзылIа щIыхэр, ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ къыщежьэрэ ипщэкIэ дригъэзейуэ – Пришиб станицэм и хэщIапIэм къыщыщIидзэу иджырей Осетие Ищхъэрэ – Аланием хиубыдэ Дигор, Уэлыджыр, Куртатэ ауз дыхьэпIэхэм нэсу.

Урыс-Кавказ зауэр къэхъея нэужь урысхэм адыгэхэр лъэныкъуэ куэдкIэ дакъузэу щIадзащ, псом хуэмыдэу щIы IуэхухэмкIэ леишхуэ къатехьэрт. Шэч хэмылъу, абы ижь къащIихуащ Анзорхи.

А Iуэхум, псалъэм папщIэ, щыхьэт тохъуэ щIыпIэцIэхэр къэхутэжыным илъэс куэд щIауэ яужь ит, отставкэм и полковник Тохъу Мухьэмэди. Абы дэфтэрхэм къахигъуэтыкIыжу игъэхьэзыра и тхыгъэхэм къызэрыхэщымкIэ, «Елмырзэ и къуажэжь» жыхуаIэу (Анзор Елмырзэ и жылэт) иужьым Лэскэнрэ Урыхурэ я зэхуаку дагъэтIысхьэжар (иджырей Ростов-Баку автомобиль гъуэгушхуэм километр ныкъуэкIэ хуэищхъэрэу, Шэчэрышхуэ псым и Iуфэм деж), «Столистовая карта Российской империи 1804 - 1816 гг.» жыхуаIэм зэритымкIэ, иджырей Осетие Ищхъэрэ-Аланием и щIыналъэм щежэх Псыхужь (осетинхэм Урсдон жыхуаIэрщ, къикIри аращ) и Iуфэм Iусыгъащ.

ИужькIэ дунейм къытехьа дэфтэрым къызэрыхэщымкIэ, а жылэр кIэлъыкIуэу Iэпхъуат «Хьэтагъыпс» (Хиттегипс, Хеттага река) цIэ телъыджэр зезыхьэу щытыгъа псы бгъунжу адыгэхэм «Уэрдан» жыхуаIэм (Ардон) щыхэлъэдэжым деж. Тохъу Мухьэмэд щыхьэт зэрытехъуэмкIи, XVIII лIэщIыгъуэм и кIэхэм а къуажэр щытащ Къэбэрдейм и жылэхэм ящыщу иужьым «Владикавказ тафэ» («Осетин тафэ», «Осетин губгъуэ») зыфIащам тесахэм я нэхъ ипщэ дыдэу.

А къуажэр (Анзор Елмырзэ и жылэр), адрейхэми хуэдэу, куэдкIэ нэхъ ищхъэрэкIэ еIэпхъухын хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр зэтпх хъуну тхыдэм къигъэлъагъуэжыр 1821 гъэми абы къыкIэлъыкIуа илъэсми, урыс пащтыхь Iуэхузехьэхэм я унафэкIэ, Къэбэрдейм зэпыу ямыIэу итахэм ящыщу подполковник Кацырев и унафэм щIэта дзэ пакIэм и залымыгъэрщ.

*Тхыгъэри сурэтри*
**КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ**.

# ЛIыгъэкIэ псыхьа усэхэр

**Мечиев Кязим и цIэр зэрихьэу Налшык дэт республикэ ныбжьыщIэ библиотекэм щекIуэкIащ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым, 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуа усэ зэпеуэ. Iуэхур и жэрдэмщ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм. Ар къызэрагъэпэщащ библиотекэм и лэжьакIуэхэм. Пшыхь зэпеуэр иригъэкIуэкIащ мы библиотекэм и унафэщIым и къуэдзэ Садыковэ Ларисэ.**

- ХЭКУМ и хъумакIуэм и илъэсыр Урысейм ис лъэпкъхэр зэкъуэтыну къыхуезыджэщ, щIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуэунэтIащ. Нобэ едгъэкIуэкI пшыхь-зэпеуэри абы и зы Iыхьэщ.

Республикэм ис дэтхэнэ унагъуэми лъэIэсащ Хэку зауэшхуэр. А илъэсхэр къэралым и тхыдэ напэкIуэцI нэхъ хьэлъэ дыдэщ. Илъэс къэс мазаем и 23-м ирихьэлIэу ди библиотекэм щокIуэкI ТекIуэныгъэ Иныр зауэм къызэрыщытхьам и щIыхькIэ усэ зэпеуэ. Мы гъэм илъэс 80 ирокъу ТекIуэныгъэр къызэрытхьрэ. Зауэм, Хэкур хъумэным, бийм ерыщу пэщIэтыным теухуа тхыгъэхэр сыт щыгъуи нос цIыху гущIэм. Нобэ зэпеуэм хэт ныбжьыщIэхэм къагъэлъэгъуэнущ ар. Къэпщытакlуэ гупым къыхахынущ нэхъыфI дыдэхэр, - жиIащ Садыковэм зэIущIэр къыщызэIуихым.

Адыгэбзэкlэ, балъкъэрыбзэкlэ, урысыбзэкlэ усэ къеджащ республикэм и къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ къикIа ныбжьыщIэхэр. Усэхэм яхэтт Хэку зауэшхуэм и зэманым ятхахэри, иджырей усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри. Сатырхэм къахэщырт Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцIхэр, ахэр зэм лIыгъэкIэ псыхьат, зэм гуауэр щыетат, зэми ТекIуэныгъэ Иным и гуфIэгъуэр къызыхэщт. НыбжьыщIэхэм я усэ къеджэкIэр къэзыпщытэ гупым хэтащ Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье, Урысей Федерацэм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт, лъэпкъ творчествэмкIэ республикэ щIэныгъэ-методикэ центрым и унафэщI Жылэ Анатолэ, усакIуэ Гугъуэт Заремэ, «Солнышко» сабий журналым и редактор, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Мазуренкэ Маринэ, тележурналист Рахаевэ Дианэ сымэ.

- Нобэ усэ къеджахэм уахэдэну, языныкъуэхэм я зэфIэкI къыхэбгъэщхьэхукIыну гугъут, пэжым ухуеймэ. Сыту жыпIэмэ дэтхэнэри ди гум фыкъеIащ усэ къыхэфхам и купщIэкIи, фи къеджэкIэкIи. Хэку зауэшхуэм хэтахэм я къуэрылъку-пхъурылъхухэркъым нобэ утыку къихьахэр, атIэ къатепщIыкIыжахэм я щIэблэрщ. Абы щыгъуэми зауэлIхэмрэ зауэм и бынхэмрэ я нэгу щIэкIахэр щIэблэм зыхащIэн хуэдизу зыгъэпса усакIуэхэм къалэмыр я Iэщэтэкъэ?! Нэхъыжьхэр щIэбэнат мамырыгъэм, гъащIэ тыншым, къэкIуэнум. Зэхэдвгъэхащ а псор фэ къызэрывгурыIуэр, зауэлIхэм я лIыгъэм пщIэ зэрыхуэфщIыр, - захуигъэзащ усэ къеджахэм Жылэ Анатолэ.

Шинкарёвэ Наталье фIыщIэ яхуищIащ Iуэхур и къызэзыгъэпэщахэм, библиотекэм и унафэщIымрэ и лэжьакIуэхэмрэ, усэ къеджа ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ, адэ-анэхэм.

- Мыпхуэдэ зэпеуэхэм я мыхьэнэр хуабжьу инщ. Пэжщ, нобэ дызэдэIуа усэхэр ди гум щIыхьэрт, дагъэнэщхъейрт, ди нэпс кърагъакIуэрт. Тыншкъым ныбжьыщIэм зауэр къызыхэщ тхыгъэр щIиджыкIыу, игъэву, хуэфщэн хуэдизу утыкум кърихьэну. Абы псэри гугъу ирегъэхь. ИтIанэми, къайхъулIащ а къалэныр ди ныбжьыщIэхэм. «Зауэ щымыIэ къудеймэ...» псалъэхэр зэпымычу жытIэурэ дыкъекIуэкIащ Хэку зауэшхуэм иужькIэ. Мис ноби фашизмэм и щIэпхъаджагъэр къыщыджьэхэуа зэманщ, ди жагъуэ зэрыхъущи. Си гугъэмкIэ, а гупсысэм нэхъри ди гум иригъэжэлIащ зауэм теухуа сатырхэр, - жиIащ Шинкарёвэм. Абы ныбжьыщIэхэм яжриIащ зэпеуэм щхьэкIэ къыхаха усэхэм арэзы зэрищIар.

Сабийхэм я ныбжьым елъытауэ, зэпеуэр Iыхьищу зэщхьэщагъэкIащ. Илъэси 6 - 9 хъухэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Псыгуэнсу дэт езанэ курыт еджапIэм и ещанэ классым щеджэ Хьэвэящхьэ Ясминэ. ЕтIуанэ увыпIэр зэдагуэшащ Прохладнэ къалэм дэт еханэ гимназием и етIуанэ классым щIэс Рычков Александррэ Аргудан щыщ, ещанэ классым кIуэ пщащэ цIыкIу Бро Дисанэрэ. Ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Прохладнэ къалэм дэт езанэ сабий садым кIуэ Кожуховэ Ульянэ, Налшык щыщ Албот Алихъан, Къэщкъэтау къуажэм къикIа Ульбашев Мунир сымэ. Илъэси 10 - 14 хъухэр щызэпеуа Iыхьэм текIуэныгъэ къыщахьащ Налшык дэт тIощIрэ езанэ курыт еджапIэм и 8-нэ классым щеджэ Къудей Кямранрэ Налшык дэт етIуанэ лицейм щыщ Джэху Мансуррэ. ЕтIуанэ увыпIэр Iэрыхьащ Нарткъалэ щыIэ еплIанэ курыт еджапIэм и еянэ классым щIэс Григорян Ангелинэ. Ещанэ увыпIэр къахьащ Анзорей къикIа Мэсей Салимэ, Былым къуажэм щыщ Динаевэ Саидэ, Бахъсэн къалэ щыщ Джэш Ясминэ сымэ. Илъэс 15 - 18 зи ныбжьхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Ташлы-Тала къуажэм щыщ Уазиковэ Аидэ. ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Лашынкъей къуажэм дэт езанэ курыт еджапIэм щIэс Нэгъуей Мансур. Ещанэ хъуащ Псыгуэнсу дэт езанэ курыт еджапIэм къикIа Дыгуэрлы Элинэ. Зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэр гъатхэпэм ирихьэлIэу ягъэлъэпIэнущ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ** *ейщ.*

# Спортыр террорым и бийщ

● Киокусинкай

**«Къэбэрдей-Балъкъэрым терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щымыгъэIэн» КъБР-м и къэрал программэм ипкъ иткIэ, «Спортыр террорым и бийщ» къыхуеджэныгъэм щIэту Налшык къалэм щекIуэкIащ республикэм киокусинкаймкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ.**

ЗЭПЕУЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м КиокусинкаймкIэ и федерацэмрэ КъБР-м Олимп джэгухэм хэмыхьэ спорт лIэужыгъуэхэмкIэ и спорт еджапIэмрэ, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу.

Спорт зэхьэзэхуэм къыдэкIуэу, зэIущIэм мыхьэнэ щратащ щIалэгъуалэр, киокусинкайм и мызакъуэу, адрей спорт лIэужыгъуэхэми дехьэхьэхыным, ахэр нэхъыбэу спортым къыхэшэным, хуэкупсэу, хабзэрэ нэмысрэ яхэлъу къэгъэхъуным, террорист щIэпхъаджагъэхэм пэIэщIэ щIыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.

Зэхьэзэхуэм хэтащ спортсмени 120-м щIигъу, Къэрэшей-Шэрджэсым къикIахэри яхэту, я ныбжькIэ илъэси 10-м къыщыщIэдзауэ 18-м нэсыху къриубыдэу. ЗэIущIэхэм щIадзэн ипэ къихуэу УФ-м спортымкIэ и мастерым и кандидат тхылъхэмрэ дамыгъэхэмрэ иратыжащ а цIэр зыхуагъэфэща каратистхэм.

Спортсменхэр щIэбэнащ медаль комплекту 27-м. Я хьэлъагъхэмрэ ныбжьхэмрэ елъытауэ зыхэта гупхэм пашэныгъэхэр щызыубыда, нэхъ лъэщу абы къыщалъытахэу Ало Амырхъан, ЛIымахуэ Идар, Щауэ Аскэр, Чабдаров Ашэмэз сымэ щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ щхьэхуэу иратащ.

Апхуэдэуи медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр хуагъэфэщащ зэIущIэм япэ увыпIиплIыр къыщызыхьа командэхэм: «Сатори» (тренерыр Насыплыев ТIэхьир), «Ямато» (Джинчарадзе Зураб), «Филэ» (Iэпыч Феликс), «Канку» (Къумыкъу Ислъам) спорт клубхэм.

Командэхэр зэIущIэм хуагъэзыращ Насыплыев ТIэхьир, Джинчаридзе Зураб, Iэпыч Феликс, Къумыкъу Ислъам, Ахъмэт Артур, Аппаев Акъболэт, Зэхъуэхъу Мурат, Сэбаншы Мурат, Мэкъуауэ Алан, Унэж Рустам, Унэж Артур, Iэпщэ Анзор, Биткаш Емельян, Зэшэз Мухьэмэд, Мурадовэ Еленэ сымэ.

**КЪАНШЫУЕЙ Алим.**

# И япэ утыку къихьэгъуэр хуэугъурлащ

● Бокс

**УФ-м БоксымкIэ и федерацэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу «Iron&Gloves Promotions», «Patriot boxing» спорт IуэхущIапIэхэм профессиональнэ боксымкIэ Налшык къалэм къыщызэрагъэпэща «Боксым и лигэ» зэIущIэм щытекIуащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Приречнэ жылэм щыщ Къущхьэ Iэмин.**

ДИ щIалэм къыпэщIэтащ Иркутск къалэм щыщ Лубсанов Вадим икIи раундих абы дригъэкIуэкIащ. Ахэр и кIэм нэса иужь зэIущIэр езыгъэкIуэкIа судьяищми Къущхьэм текIуэныгъэр къратащ.

УФ-м боксымкIэ и чемпионат 2024 гъэм зэхэтам ещанэ увыпIэр къыщызыхьа адыгэ щIалэм профессиональнэ боксым япэ лъэбакъуэр а пщыхьэщхьэм хичауэ аращ. Абы къыпэщIэта Лубсановыр мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм 10-рэ щытекIуащ (2-р нокауткIэ къихьащ), 6-м къыщыхагъэщIащ.

ЗэIущIэ нэужьым журналистхэм щепсалъэм Къущхьэ Iэмин жиIащ УФ-м и чемпионатым и кIэух Iыхьэ ныкъуэм ар къыхэзыгъэщIауэ щыта Шапочанский Егор иджыри зэ хуэзэжыну зэрыхуейр.

«Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и гъусэу зызгъасэу сыкъэтащ. МахуитI-щы ипэкIэ сыкъэкIуэжауэ аращ, ди зэIущIэри гугъуу щIекIуэкIам и щхьэусыгъуэри аращ. Сэ иджыри Iэмал сиIэнущ Шапочанскэм сыхуэзэну. Абдежми тэмэму зыкъыщызгъэлъэгъуэным сыхущIэкъунущ», - къыхигъэщащ Къущхьэ Iэмин.

А пщыхьэщхьэм ди щIалэм нэмыщI иджыри утыку къихьащ Кудухов Виталий икIи абы хигъэщIащ и хьэрхуэрэгъуу щыта Смирнов Иван. Мыбдежми судьяхэм осетин щIалэм текIуэныгъэр кърататащ зэдзарэзыуэ. Профессиональнэ боксым Кудуховыр 8 щытекIуащ (2-м зэIущIэм хухаха зэманхэр и кIэм нимыгъэсу), 3-м къыхагъэщIащ. Смирновыр, Къущхьэ Iэмини хуэдэу, япэу мыпхуэдэ утыкум къихьауэ арат.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Туризм

# Iуащхьэмахуэ зыIэпишэхэр

**Урысей Федерацэм и къуршхэм зыплъыхьакIуэ кIуэ туристхэм я бжыгъэм илъэс кIуам хуэдитIкIэ хэхъуащ 2019 гъэм, ковид узыфэм зиубгъуным ипэкIэ, щыIа бжыгъэхэм елъытауэ икIи абыхэм ящыщу щIэупщIэ нэхъыбэ зиIар Iуащхьэмахуэ лъапэрщ.**

ИЛЪЭС блэкIам щIыналъэм къихьа альпинист мини 2-м щIигъур Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIащ. ГъэщIэгъуэнращи, хамэ къэралхэм я туристхэр нэхъыбэу щIэупщIэ хъуащ Ираным, Гималаим, Антарктидэм щыIэ къуршхэм. Зэрыжа Iэу, абыхэм яфIэхьэлэмэтыжкъым Монблан, Аляскэ щIыпIэхэр. ЖыпIэнурамэ, нэгъабэ Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIа туристхэм я процент 30-р хамэ къэралым къикIахэрщ.

Иджыпсту турист нэхъыбэ зыщIэупщIэ лъэныкъуитхум хохьэ Iуащхьэмахуэ, Килиманджарэ, Ираным и къуршхэр, Гималаи, Акон-кагуа щIыпIэхэр. Апхуэдэу щIыщытым и щхьэусыгъуэу къалъытэри, адрейхэм елъытауэ, абыхэм я щыгум удэкIыну нэхъ зэрытыншырщ.

Мыдрейуэ, къуршхэм зыщызыгъэпсэхуну хуейхэм къазэрыхэхъуэм къыдэ-кIуэу, туристхэм яхэт цIыхубзхэм я бжыгъэри нэхъыбэ хъу зэпытщ. Псалъэм папщIэ, иужьрей илъэситIыр къэдгъэлъагъуэмэ, а бжыгъэр процент 50-м нэсащ, япэм процентi 10-м куэдкIэ щIигъуу щытакъым. Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIхэм я ныбжьхэр ику иту илъэс 35 - 50-рэ мэхъу. ЩIалэгъуалэ жыджэрхэм я бжыгъэми къыхэхъуэ зэпытщ, къыхагъэщащ Iуэхум хэзыщIыкIхэм.

2024 гъэм къриубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхуащ цIыху мин 818-м щIигъум, щыжаIащ КъБР-м КурортхэмрэтуризмэмкIэ и министерствэм.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

● Зы уэрэдым и хъыбар

# Гухэлъым и лIыкIуэ

**Уэрэд нэхърэ нэхъыбэ зэрыщымыIэм хуэдэу, псалъэкIи уэрэдыпкъкIи зэхуэдэу удэзыхьэхыр мащIэ дыдэщ. МыкIуэдыжыну абыхэм къахэкIыр лъэпкъ уэрэд хъужауэ цIыхубэм яIурылъщ. Апхуэдэхэм яхыубжэ хъуну къытфIощI Адыгэ Республикэм щыцIэрыIуэ «Си Iэминат» уэрэдыр.**

АР япэу щызэхэсхам, уэрэдым теухуауэ сигу къинар и макъамэр зэрыдахэмрэ си анэм и цIэр къызэрыхэщымрэт. КIуэ аракъэ, зэрылъагъуныгъэ уэрэдыр гурыIуэгъуэт, ауэ и гухэлъ къэIуэтэкIэр апхуэдизу щIэгунэсыр иджыри IупщIтэкъым. Сыт уигу ирихьыр уигу щIрихьыр? «Вкус» жыхуаIэ урыс псалъэу адыгэбзэ гуэгъу зыхуэдмыгъуэтым, псалъэм папщIэ, «гузэхэдз» фIэтщ хъунумэ, гунэс пщыхъур абы пхыкIырщ, сытми, уэздаIуэмрэ зэхэпхымрэ уигу иризыгъэхь зыхэщIэныгъэрщ. «Сигу хуокIуэ е хуэкIуэркъым» жыдоIэ тфIэIэфI е тфIэмыIэфI ерыскъым теухуауэ. Уэрэдри, усэри, щыгъынри, уеблэмэ цIыхури зыпхыкIыр е зыпхымыкIыр а шыбзэрщ. «Си Iэминат» уэрэдым и кIахэбзэр зэран къыщIыпхуэмыхъури арагъэнщ.

Хъыджэбзыр псэгъуу къратыным гугъэ хэзыхыжа щIалэм и бзэкIэщ уэрэдыр къызэрыIуэтар. Абы зи цIэ къыхэщ Iэминат ЦIыпIынэхэ япхъут, нобэрей Адыгейм хиубыдэ Хуэдз къуажэм щыщт. Уэрэдым щекIуэкI Iуэхугъуэр зыхуахьыр лIэщIыгъуэ блэкIам и 60 гъэхэрщ.

Пщащэр нысашэм щызылъэгъуа е къыщызэгъэфа щIалэр абы зэ Iуплъэгъуэм егуэкIуа щхьэкIэ, хъыджэбзым и адэ-анэм ар благъэу зрапэсыну гугъэ щыIэтэкъым. «Уи адэрэ уи анэрэ къысхуэмеяхэми, уэ укъысхуейтэкъэ, си Iэминат?» - зэрыжиIэм, щIалэм и лъагъуныгъэр жэуапыншэ дыдэ зэрымыхъуар къыдегъащIэ. Iэлъын зэрыритами гугъэ гуэрхэр иIауэ уи фIэщ ещI. Уэрэдым и макъамэ щабэмрэ щIалэм хъыджэбзым гугъэ зэрыхимыхыжымрэ Iуэхугъуэр иджыри фIыкIэ иухыным упагъаплъэ хуэдэщ. Ауэ Iэминат Iэлъыныр зэригъэкIуэдар нэщэнэ мыщIагъуэу адэкIэ къыхоувэ. «Си Iэлъын цIыкIури удзым хэкIуадэри, ди лъагъуныгъэри абы хэкIуэдащ», - мэтхьэусыхэ псэлъыхъу щIалэр. Ауэ абы щхьэкIи къимыгъанэу, хъыджэбзым емышу йоджэ: «Алыхьыр пщIэмэ, уэ сэ къыздэкIуи, а жэщ-махуищым дызэгурыIуэнщ».

УэрэдыфIхэм узэрахьэхур псалъэ лей зэрыхэмытырщ. ЦIыхум и гум илъым дыщIимыгъуIауэ икIи кIэримыгъэхуу зэхелъхьэ ар уэрэдусым. Арагъэнщ мы уэрэдми зыгуэр хэслъхьарэт е хэсхарэт щIыжумыIэр.

Абы и зэдзэкIыгъэм зэрыредакцэу делэжьауэ пхужыIэнущ, аракъэ ар лъэпкъ уэрэд зыщIыжри. КIахэ бзэ къудамэм упщIэ мыхьэнэ зиIэ «ба» суффиксыр ди «къэ»-м мыхьэнэкIэ хуэкIуэу хэтщ. «Си Iэминат» уэрэдым и дахагъым и ныкъуэр а «ба»-хэм къызэрытрагъазэм ещIэкIащ:

«Сигу урихьыгъэба, си Iэминат?» - «Сигу урихьатэкъэ, си Iэминат?».

«Къэ»-м и IукIэр «ба»-м нэхърэ нэхъ пхъашэу къэтлъытэри, мащIэу дгъэмэщIащ, уэрэдусым къиIуатэ гурыщIэм зэран дыхуэмыхъуну дыхэту. ЩIалэм зиухеижым хуэдэущ и лъагъуныгъэр къызэриIуатэр, аращи, и гухэлъыр зи жэуап къимылъыхъуэ упщIэ зэкIэлъыпыт гупым кIуэцIешыхь.

КIахэхэмрэ къэбэрдейхэмрэ зэтехуэу яIэ уэрэдхэр мащIэкъым. Псалъэм и хьэтыркIэ «Абрэдж Нухь и уэрэдыр» абыхэм язщ. Нобэ фи пащхьэ къитхьэ «Си Iэминатыр» зэрыщытыххэуи ягъэзащIэ къэбэрдей щIалэхэм. Ар зэдзэкIын Iуэхуи зумыхуэу, и дахагъыр пхузэхэщIэнущ. Ауэ ди бзэ къудамэхэм зы лъабжьэ зэраIэр иджыри зэ къэтщIэжын гухэхъуэгъуэм дыIэщIэкIыфакъым.

### Си Iэминат

Джэгур джэгушхуэуэ укъыздытехьэри,
Сигу урихьатэкъэ, си Iэминат?
Уи Iэ цIыкIуитIри дахэу къэбгъафэурэ
ФIыуэ услъэгъуатэкъэ, си Iэминат?

Уи адэрэ уи анэрэ къысхуэмеяхэми,
Уи деж сынакIуэти, си Iэминат,
Уи адэрэ уи анэрэ къысхуэмеяхэми,
Уэ укъысхуейтэкъэ, си Iэминат?

ДэнэкIэ укIуэми, хэт уэ удэкIуэми,
Си гум уилъынущ уэ, си Iэминат.
Уи деж сынакIуэрэ уэ узмылъагъумэ,
Нэпсым ситхьэлэти, си Iэминат!

Мы жэщ мазэгъуэми уэ уи уэрамри
Сыту кIыфIыщэ хъуа, си Iэминат.
Мы дунеишхуэри къысхуэзыгъэнэхур сэ
Уи лъагъуныгъэрат, ей мыгъуэ,
си Iэминат!

Си Iэлъын цIыкIури удзым хэкIуадэри,
Ди лъагъуныгъэри абы хэкIуэдащ.
Алыхьыр пщIэххэрэ сэ укъыздэкIуатэмэ,
А жэщ-махуищым дэ, ей мыгъуэ,
дызэгурыIуэнт.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

● Жэрдэм

# КъулыкъущIэхэр щагъэхьэзырынущ

**«IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и школ» зыфIаща еджапIэм щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтыну е зи зэфIэкIым щыхэзыгъэхъуэну хуейхэр къыхэхын щIадзащ. Абы къуит IэщIагъэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэм мазаем и 28 пщIондэ лъэIу тхылъхэр ирагъэхьу зрагъэтх хъунущ.**

ШКОЛЫМ и къалэн нэхъыщхьэр щIыпIэ самоуправленэм щылэжьэну гупыж зыщIхэм я бжыгъэр хэгъэхъуэнырщ. Абы щеджэ хъунущ зи ныбжьыр илъэс 16-м къыщыщIэдзауэ 25-м нэсхэр, 10 - 11 классхэм щIэсхэр, студентхэр, щIыпIэ самоуправленэхэм щылажьэ щIалэгъуалэр.

«IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм я школым» къигъэув къалэнхэр гъэзэщIэныр Iыхьищу гуэшауэ щытынущ. Зэрыгурыгъуэщи, япэр цIыхухэр къешэлIэнырщ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ интернетым и соцсетхэмрэ къэгъэсэбэпауэ. ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа ныбжьым иту цIыху 50 къыхахынущ. Iэмал имыIэу жэуап етыпхъэщ «Мы школым узэрыщеджэнум сыт къыпэкIуэну узыхуейр?» упщIэм.

ЕтIуанэ Iыхьэм, мазэрэ ныкъуэрэ пIалъэм къриубыдэу, лекцэ-зэIущIих екIуэкIынущ, Iуэхум еджакIуэхэр хэгъэгъуэзэным, абыхэм епсэлъэным, жьакIуэу псалъэу егъэсэным, езым я бренд къызэрызэрагъэпэщыным, псэуныгъэм ехьэлIа Iуэху яубзыхуным, Iуэху къиинхэр зэфIэхыным рэ гупым хэту лэжьэнымрэ, школым къыщащIэр къызэщIэкъуэжыным хухэхауэ.

Зи гугъу тщIа унэтIыныгъэхэмкIэ щIэныгъэ хъарзынэ зыIэрагъэхьэфынущ школым екIуэлIэнухэм. IэнатIэ пэрытхэм, щIыпIэ самоуправленэм щылажьэхэм школым и Iуэху бгъэдыхьэкIэм къахуэщхьэпэн къызэрыхахынум шэч хэлъкъым, нэгъуэщI щIыпIэ щылэжьэну хуей щIалэгъуалэми я гъуэгур убзыхуа хъунымкIэ ар къащхьэпэнущ.

Жэрдэмыр зейр «КъБР-м Къалэн куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центр» IуэхущIапIэм хъыбарегъащIэ-медийнэ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ, муниципальнэ IэнатIэхэм щIалэгъуалэм щадэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Атмурзаевэ Iэминатщ. Абы къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зыкъигъэлъэгъуэну хунэсащ, щIалэгъуалэ зэхыхьэ зыбжанэ къызэригъэпэщащ. Псалъэм папщIэ, «Лъэпкъ щэнхабзэхэм я фестиваль» республикэ зэхыхьэу плIы, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я артист цIэрыIуэхэр хэту концертищ, Киномрэ телевиденэмрэ я «Къунакъхэр» Кавказ-Ищхъэрэ фестиваль зэIухар, ныбжьыщIэхэр хэкупсэу къэгъэтэджыным хухэхауэ республикэм и район псоми щрагъэкIуэкIа, «ЛIыхъужьхэм я блын» зыфIаща Iуэхур, нэгъуэщIхэри иригъэкIуэкIащ. Ар хэтащ «Сэ сыгъэсакIуэщ» Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм, гид ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ «Лъагъуэ къудейкъым» дерсхэм, «ЛIыхъужьхэм я лигэ» акъыл-спорт зэхьэзэхуэм, «Лъэбакъуэ» студент школыр, къэзакъ щIалэгъуалэм я зэхуэсыр къызэзыгъэпэщу езыгъэкIуэкIахэм, нэгъуэщI щIэныгъэ, джэгукIэ, спорт, щэнхабзэ зэпеуэхэм.

Илъэс зыбжанэм къриубыдэу лэжьыгъэм хуэIэрыхуэ хъуа бзылъхугъэм и иужьрей гукъэкIщ «IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и школ» грант Iуэхур. Ар Iэминат къыдеIыгъ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм.

**ИСТЭПАН Залинэ.**


Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

**Жьэкlэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.413
Заказыр №382
12+

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.).*
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.